84(5Qar)
S-47

XALMURAT SAPAROV

# TAYÍNSHAQ



Xalmurat SAPAROV. «Tayınshaq» *(Qosıqlar hám gúrrińler)* — Nókis, «Qaraqalpaqstan» baspası, 2017-jıl, 128 bet.

UDK: 821.512.121.-1(081)-053.5
BBK: 5-Qar
S—47.

Berdaq atındağı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, Qaraqalpaqstanğa miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri, belgili balalar shayırı Xalmurat Saparovtıń «Tayınshaq» dep atalğan kitapshası balalar hám jas óspirimlerge bağıshlanğan.

Kitapshağa engizilgen qosıqlar hám gúrrińler úlkemizdiń tábiyatın úyreniwge, ondağı quslar hám haywanatlar dúnyasın biliwge, olardı kózdiń qarashığınday qorğawğa jas áwladlardı shaqıradı. Shığarmalar belgili mazmunğa iye, syujetke qurılğan.

RESPUBLIKALIQ MA'LUMAT-RESURSLI'Q WORAYI'
INV № 89358

ISBN 978-9943-5054-1-4

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2017-j.
© Xalmurat Saparov, 2017-j.

## ǴÁREZSIZLIK GÚLIMIZ

Erte turıp azanda,
Asıǵamız baqshaǵa,
Ul-qızlardı bulmanda,
Kútip alar jaqsı apa.

Oyın qızıq balaǵa,
Túrli oyın oynaymız,
Xosh hawaz kóp arada,
Búlbil bolıp sayraymız.

Altın uya baqshamız,
Álpeshlegen elimiz,
Sonsha bala, sonsha qız,
Ǵárezsizlik gúlimiz.

## TÁRBIYASHÍ APAMÍZ

Erte turıp azanda,
Kelsem qushaq ashadı,
Bizler oǵan balamız,
Bawırına basadı.

Jaqsı kórip janınday,
Mańlayınan súyedi,
Baqsha oyınshıqqa bay,
Aldımızǵa úyedi.

## SAWAT ASHTÍQ BAQSHADA

Kitabımız «Álipbe»,
Háripti durıs jazamız,
Háriplerdi háripke,
Qosıp oqıy alamız.

Búgip qoldıń barmaǵın,
Ońǵa shekem sanadıq,
Qımbat ótken hár waǵım,
Qanday jaqsı balalıq.

Cifrlardı bilemiz,
Bildik qosıw-alıwdı,
Háwes etip júremiz,
Mektepke de barıwdı.

## SAǴÍNAMAN

Barmay qalsam baqshaǵa,
Úyde ishim pisedi,
Baqshadaǵı oynaǵan,
Doslar eske túsedi.

Atın ayta alaman,
Eger aytıp ber, deseń,
Baqshadaǵı doslardı,
Saǵınaman kórmesem.

## SHOFYORMAN

Ata-anam jumısta,
Men baqshada oynayman,

Mashina tur quwısta,
Dódetletip aydayman.

Pedalım bar basqanday,
Júrgizer qol-ayaǵım.
Demde iske asqanday,
Shofyor bolıw qıyalım.

## GÚL ÓSIRDIK BAQSHADA

Biziń baqshamızdı,
Kórińler kelip,
Baqsha ishi gúlge,
Turıptı dónip.

Tárbiyasın berip,
Gúlge qaraymız,
Bul awır is emes,
Oǵan jaraymız.

Gúllerge oranǵan,
Baqshamız biziń,
Kewilge endirer,
Jaǵımlı sezim.

## MEN ÓZIM

Ne shıqsa tańlaydan,
Gápińdi ańlayman,
Betimnen súyedi,
Apama paldayman.

Jaqsı sóz tıńlayman,
Quwatlap, qollayman,
Ne kerek jaman sóz,
Awlaqpan ondaydan.

## ÁTKÓNSHEK

Átkónshekte ushqanda,
Jigerlenip pát aldım,
Jaqınladım aspanǵa,
Ushqısh degen at aldım.

Ushqanımda terbelip,
Bolar samal eskendey,
Pát alǵanda sermenip,
Bolar boyım óskendey.

Ushqandı kim qálemes,
Átkónshegim qolaylı,
Tek te jalǵız men emes,
Ushırar ol talaydı.

## JAQSÍ ÁDET

Jaqsı ádet adamǵa,
Jarasadı uǵaman,
Erte turıp atama,
Sálem berip shıǵaman.

Sálemimdi aladı,
Waqtı ketpes heshqashan,
Kewili xosh boladı,
Jasına jas qosqanday.

## ATAM JAQSÍ

Meni jaqsı kóredi,
Atam úyde bolǵanda,
Konfet alıp beredi,
Pensiyasın alǵanda.

Kishipeyil, bawırman,
Ǵamxorlıqtı qáleydi,
Kim bolsa da awırǵan,
Sawalıwın tileydi.

Meniń atam heshqashan,
Qattı gápke barmaydı.
Oynap júrip sharshasam,
Aqıl berer hárdayım.

Júregimde shadlıq mol,
Men kishkene balaman,
— Aynalayın, — dese ol,
Kóteriilip qalaman.

## BAQSHA TOLÍ QÍZÍQQA

Iytergishlep basqanı,
Tártipsizlik etpeymen,
Sharbaǵınan baqshanıń,
Sırtqa shıǵıp ketpeymen.

Sırtta qızıq ne jesin,
Bári baqsha ishinde,
Kórgenimniń hámmesi,
Saqlanadı esimde.

Tawsılmaydı sanasam,
Oyınshıqtıń bári bar.
Oyın, kúlki tamasha,
Emes kewil jalıǵar.

## BALASÍNDAY BIR ÚYDIŃ

Jıynalamız biz dem de,
Balasımız hár úydiń,
Baqshamızǵa kelgende,
Balasımız bir úydiń.

Baqshamızda mazalı,
Biziń ishken asımız,
Kórmeyseń shań-tozańdı,
Taza ústi-basımız.

## TURNIKTE

Qalmayman oyınnan,
Kelemen asıǵıp,
Turnik bar qoyılǵan,
Oynayman asılıp.

Turniktiń astına,
Tósegen matrac,
Jıǵılsam nabada,
Hesh jerim awırmas.

## OYÍNSHÍQLAR TABÍLAR

Jaqtı berip tum-tusqa,
Tınıshlıqta atar tań,

Ata-anam jumısta,
Bolar mennen qáterjam.

Shınıǵaman denem saw,
Boyǵa qarıw, kúsh endi,
Kóteremen bolsın taw,
Men ózime isendim.

Túrli-túrli oyınshıq,
Baqshamızdan tabılar,
Shıyqıldaydı kók shımshıq,
Sarı qalash balıq bar.

Baqshada zor tamasha,
Kúnler óter bilinbey,
Oy jiberip qarasam,
Bala baqsha úyimdey.

## BAQSHA ISHI TAP-TAZA

Baqshada tur gúl ósip,
Suwdı quyıp turaman,
Waqtı menen suw iship,
Birewi joq quwraǵan.

Gúller jaynap ashılar,
Kewilge yosh bergendey,
Baqshaǵa nur shashılar,
Zor kórkemlik engendey.

Baqsha taza sonshama,
Jayǵa gilem tósegen,
Men de usı baqshada,
Gúldey bolıp ósemen.

## TAYÍNSHAQ

Júrgenim joq pa ókinip,
Tayınshaǵım tay boldı.
Oynasa diń-diń sekirip,
Kewilim bárha jay boldı.

Qulaǵı tip-tik qayshıday,
Jelkildep ketti jalları.
Juwıtpaydı hesh qasına,
Ózimnen basqa ballardı.

Jaqsılap kútip baǵaman,
Arǵımaq bolıw qıyın ba?
Úlkeyse minip baraman,
Toy-tamasha, jıyınǵa.

Tayınshaq jaqsı bilgenge,
Jetisip bolsa júyrik at.
Ne sóz bar kútip mingenge:
Xalıq naqılı: «At — qanat!»

## TAQMAQ AYTAMAN

Baqshada jarıs bar,
Qalmayman qızıqtan,
Juwırıp alıstan,
Ótemen sızıqtan.

Sheshemen jumbaq,
Aytsańız maǵan,

Aytaman taqmaq,
Ósedi sanam.

Kelip kórińler,
Qalmayman úyde,
Itibar beriler,
Baqshada tilge.

Jańlaǵan qosıqlar,
Jaǵımlı namalar,
Xorǵa qosılar,
Hámme balalar.

## SÚWRET

Túrli qálemdi,
Qolǵa aldım,
Aq qaǵazǵa,
Súwret saldım.

Qulını bar,
Soqtım biye,
Botası bar,
Soqtım túye.

Qozısı bar,
Soqtım sawlıq,
Ana soqtım,
Tartqan jawlıq.

Doslar meni,
Súwretshi der,
Baqshaǵa kel,
Kóz benen kór.

## JAQSÍ

Apam jaqsı,
Aǵam jaqsı,
Hámmeńizge,
Aqıl aytqan,
Aqsaqallı,
Atam jaqsı.

Apam jaqsı,
Aǵam jaqsı,
Hámmemizdi,
Teńdey kórgen,
Tórde otırǵan,
Ájem jaqsı.

## JAQSÍ ADAM

Úkemdi ertip qaytaman,
Hár kúni bala baqshadan,
— Shıqpań! — dep trotuardan,
Aytıp qalar jaqsı adam.

Shıqpayman trotuardan,
Orınlayman sózin men,
Sonda da úyge kirgenshe,
Qarap turar izimnen.

## JANǴA JAǴAR HÁR SÓZI

Azada hám shıraylı,
Kewiliń tolar baqshaǵa,
Tárbiyashı qaraydı,
Balalarǵa sonshama.

Súyer hárbir balanı,
Bar dıqqatı bóliner,
Tárbiyashı apanıń,
Júzinen nur tógiler.

Tárbiyashı apanıń,
Tabalmaysań kemisin,
Aytar gápi: — Qaraǵım!
Jaǵımtallı men ushın.

Janǵa jaǵar hár sózi,
Baqırmaydı balaǵa,
Júdá jumsaq minezi,
Usar tuwǵan anaǵa.

Hesh zatqa joq tarlıǵı,
Kewilin nurǵa juwǵanday,
Balalardıń barlıǵın,
Jalǵız ózi tuwǵanday.

## QUWÍRSHAǴÍM, XOSH BOLÍŃ!

Men oqıwǵa baraman,
Quwırshaǵım, xosh bolıń!
Balalar keler jańadan,
Solar menen dos bolıń!

Kóp oynadım, men tek te,
Bawır basıp qalıppan,
Aparıwǵa mektepke,
Uyalaman xalıqtan.

## JAŃA JÍL

Kel, jańa jıl, jańa jıl,
Qushaǵımdı ashayın,
Ómir — degen úlken nur,
Jasıma jas qosayın.

Waqıt zırlap ótedi,
Jańa jılım abadan,
Tóbem kókke jetedi,
Kelgen sayın jańadan.

## KITABÍM

Kitaplarım taza tur,
Kórsem ashıp betlerin,

Dúkannan jańa alǵanday,
Taza kitap, dápterim.

Keń jazıq, sulıw daladay,
Sumkadaǵı dápterim,
Uqıpsız salaq baladay,
Kir qılmayman betlerin.

## AQ QOYAN

Júni appaq paxtaday,
Qoyanım appaq, aq qoyan,
Birewdi kórse toqtamay,
Uyaǵa qashar saq qoyan.

Qıymıldar murtı kúledi,
Kewili bárha shad qoyan,
Ólshese awır keledi,
Semiz, deni sap qoyan.

## ALǴÍS

Jumsasa til alǵıshpan,
Buyırsa qanday is maǵan,
«Saw bol!», dep aytqan alǵıstan,
Payda bolar kúsh maǵan.

## ANALAR USHÍN BESIK JÍRÍ

Háyyiw-háyyiw ay bala,
Mamasına may bala,
Besigińde uyqılay ǵoy,
Oyınshıqqa bay bala.

Háyyiw-háyyiw ay bala,
Shapqılaǵan tay bala,
Hámmeden sen jaqsısań,
Saǵan jeter qay bala.

Háyyiw-háyyiw ay bala,
Tórt túligi say bala,
Uyqılaǵanıń paydalı,
Qıńırlıqtı qoy bala.

Háyyiw-háyyiw ay bala,
Mamasına may qızım,
Besigińde uyqılay ǵoy,
Quwırshaqqa bay qızım.

Háyyiw-háyyiw ay bala,
Mamasına may qızım,
Ne tileseń seniki,
Tórt túligi say qızım.

Háyyiw-háyyiw ay bala,
Mamasına may qızım,
Barǵanıńda mektepke,
Beremiz saǵan toy qızım.

## BILIM

Bilim — sóyler tilimseń,
Jańlap shıqqan únimseń,
Tirishiliktiń anası,
Jarqıraǵan kúnimseń.

Júrektegi qanımsań,
Hújdan, namıs-arımsań,

Quwat bergen boyıma,
Bilim — tatlı nanımsań.

Bilim — kelbet, sánimseń,
Qapshıq-qapshıq dánimseń,
Heshqashan da azaymas,
Tasqınlaǵan kánimseń.

Bilim sónip óshpeydi,
Elge xızmet isleydi.
Turmısımda kórdim men,
Sensiz kúnim keshpeydi.

Bilim — hasıl tozbaǵan,
Hesh waqıtta azbaǵan.
Bilimsizdiń kóshede,
Tayaǵın iyt ǵayzaǵan.

Tereń bilim alǵalı,
Toltırdım men ortanı,
Kóterildi mártebem,
Bilimim sen arqalı.

Barar jerge baraman,
Dańqım kópke taraǵan,
Jumsamasam seni men,
Obalıńa qalaman.

Bilim — ushar qanatım,
Ońǵa bastı talabım.
Bilim menen taǵı da,
Abat bolar elatım.

Bilim — biyik asqarım,
Soǵan qádem tasladım.

Alaqanda turǵanday,
Jáhánge kóz tasladım.

## 1. BALALAR PALATASÍNAN XAT

Jaǵalap kanal jaǵıstı,
Eki boyı kók qamıslı.
Sabaq pitip oqıwshılar,
Úylerge qaray daǵıstıq.

Jol boyında jiydelik bar,
Jiyde pisken kózin qızar.
Qoldı sozıp, alıp jesem,
Sol jiydege ettim qumar.

Órmelep jiyde aǵashqa,
Shıqtım biyik usha basqa.
Asılǵan shaqam shart etip,
Shalqortamnan tústim tasqa.

Usladım dárriw basımdı,
Shaqaǵa nege asıldım?
Qaltama salǵan jiydeler,
Tarıday bolıp shashıldı.

Ornımnan áste qozǵaldım,
Gewgimdey boldı kóz aldım.
Ayaǵım sızlap awırdı,
Janıma battı azabı.

Doslarım keldi klasslas,
Qırshılıptı qabaǵım-qas.
Janǵa hazar berdi kem-kem,
Jumaladı kózimnen jas.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIWMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89358

Nege mindim jiydege men?
Qolıma da kirdi tiken.
Balalıǵım — sadalıǵım,
Qılǵan iske ókinemen.

Emlewxanaǵa aparıp,
Rentgenge kórdi salıp.
Tobıǵımnan sál joqarı,
Súyegime túsken jarıq.

Kóriwge oyaq-buyaqtı,
Bermey tur baldaq-tayaqtı.
— Qozǵalmay jat! — der shıpaker,
Gipslep tańdı ayaqtı.

Ata-anam keldi izimnen,
Qısındım aytqan sózinen:
— Minip jiyde aǵashına,
Bolıptı, deydi ózińnen.

Jatırman emlewxanada,
Shıǵalmay qaldım dalaǵa.
Asılmań jiyde aǵashqa,
Aytarım hámme balaǵa.

## 2. JIYDELIKTEN XAT

Bir oqıwshı keldi jetip,
Ústi patas, tisi ketik,
Xat jazıwǵa májbúr boldım,
Qılıqları janǵa ótip.

Kele sala órmeledi,
Dógeregin sermeledi,

Mańlayınan bilinip tur,
Ózin qıynap terlegeni.

Sındırdı bala shaqamdı,
Kemsitti sóytip bahamdı,
Kózlerimnen jasım tamıp,
Janım alqımǵa taqaldı.

Jiydelerdi aldı tonap,
Tiken kirdi, qolı qanap,
Birew kórip, baqırar dep,
Dógerekke qoyar qarap.

Mezgil edi shańqay túski,
Isledi ol urlıq isti,
Sol balanı ayap turdım,
Gúrs etip qulap tústi.

Miywe salǵan jazıǵım ba?
Shaqa ornı jazıla ma?
Kelip kóriń usap qaldım,
At baylaǵan qazıǵına.

Wax, neterseń shaqalarım,
Keldi buǵan namıs-arım,
Tálim bergen muǵallimge,
Sol balanı aytıp barıń.

Báhra alıp quyash-nurdan,
Shańdı irkip boldım qorǵan,
Sındırǵan ósken aǵashtı,
Kórgensizlik barıp turǵan.

Jurt ondaydı jaqsı demes,
Tártipsizge beriń keńes,

Kógergendi nıpqırt etken,
Tábiyattıń dostı emes.

Jaqsı niyet penen kelsin,
Qaǵıp alsın nesiybesin,
Sındırmay shaqalarımdı,
Pisken waqta alıp jesin.

Ózleri ǵoy meni ekken,
Ekpes birew kelip shetten,
Jiyde alsın, sındırmasın,
Kelesi jılǵa kerekpen.

## KIYIKLERDI ATPA, ANSHÍ!

Dalańlıqta óssin biyǵam,
Toparına salma oyqan.
Jaqsı emes jandı qıyǵan,
Kiyiklerdi atpa, ańshı!

Adamlardan qorqıp qashar,
Talay keńislikten asar,
Bolagórme jolın tosar,
Kiyiklerdi atpa, ańshı!

Janıwarlar qalıp tur az,
Ata berseń tuqım qalmas.
Olar ǵamxorlıqqa mútáj,
Kiyiklerdi atpa, ańshı!

Aytqanımdı alıń yadqa,
Oqıp kóriń tústi xatqa.
Záleli joq adamzatqa,
Kiyiklerdi atpa, ańshı!

Boldıń oǵan nelikten qas,
Oqtan qulap jatsa turmas.
Sorǵalaydı kózinen jas,
Kiyiklerdi atpa, ańshı!

Keńislikte janıwarlar,
Jayıladı topar-topar,
Quralayı jetim qalar,
Kiyiklerdi atpa, ańshı!

Olar ólse qaytıp kelmes,
Dep oylama basqa bilmes.
Jandı qıyǵan ońǵan emes,
Kiyiklerdi atpa, ańshı!

Keń dalaǵa beredi sán,
Olar ushın Ústirt makan.
Qayda barar onnan quwsań,
Kiyiklerdi atpa, ańshı!

## TÁBIYAT — BUL ATA-ANAŃ

— Bul jer burın qalıń toǵay,
Boldı qusqa, ańǵa nobay.
Onnan beri aramızdan,
Ótip ketti jıllar talay.

Demde ótti waqıt degen,
Inanbaysań aytqan menen,
Bul sózime aqlıǵımnıń,
Qos qulaǵı etti erbeń.

Gápti tıńlap sonda maǵan,
Soraw berdi aqlıq balam.

— Ata aytqan sol orında,
Búgin joq ǵoy toǵay hám ań?

— Sorap tursań balam nesin,
Burın toǵay turdı ósip,
Kúshli buldozerdi salıp,
Ettik oǵan miyrimsizlik.

Toǵaylardıń qurttıq kóbin,
Ol orınǵa ektik egin,
Adamlardan sol toǵaylar,
Alǵan yańlı búgin kegin.

Shorlanbaqta jerler tegis,
Baǵlar bermey qoydı jemis.
Ana tábiyatqa húrmet,
Áwel bastan boldı kemis.

Nıpqırt boldı toǵay nebir,
Tábiyatqa ettik jábir.
Duzlı shańlar jerdi basıp,
Bolıp atır appaq kebir.

Jollarına qaqpan qurdıq,
Qolımızǵa alıp mıltıq.
Oq shıǵarıp sol toǵaydan,
Qoyan, qırǵawıldı qurttıq.

Aralımız qashtı alıs,
Suwǵa mútáj kóller, háwiz.
Suw bolmasa óspes eken,
Malǵa ot-shóp bolǵan qamıs.

Kólde suwdıń joǵın sezip,
Úyrek, ǵazlar ketti bezip.
Adamlardıń tas bawırı,
Janımızdı qıynar ezip.

Balam, terek egiń kóplep!
Tutpaǵanı bolsa seplep.
Jaqın jılda alamız biz,
Tábiyattı qayta tiklep.

Báhárdegi egilgen túp,
Quwramasın álpeshlep kút.
Óskennen soń nárwan bolıp,
Dártke jarar mútájiń mut.

Tábiyatqa berseń hazar,
Hawa ıqlımıńdı buzar.
Oǵan jawız niyet penen,
Bolma hasla qoldı sozar.

Tábiyat — bul ata-anań,
Ǵamxor, húrmet etiń oǵan.
Waqıt menen inam eter,
Óz baylıǵın maǵan, saǵan.

Dáryamızda suwda bolar,
Kólge úyrek, quw da qonar.
Ǵárezsizlik jolı menen,
Miynetkesh xalıq kamal tabar.

## SPORT — MENIN' JOLDASÍM

Sportqa jol ashıp berdi dáwranım,
Alǵa talpınaman izde qalmadım.

Trenerim shınıqtırıp hár kúni,
Bulshıq etim tósligindey balǵanıń.

Sport hesh waqıtta tańlamas jastı,
Eger oǵan shıntlap berseń ıqlastı,
Densawlıǵım mıqlı jasap atırman,
Júrekke yosh enip, kewilim tastı.

Ayaqtı kósilip, qarap jatpayman,
Sport sarayına kúnde qatnayman.
Trenerdiń alıp bárha keńesin,
Alıslarǵa shabatuǵın attayman.

Sportta da túrli-túrli usıl bar,
Hámmesi de el mápine qosılar,
Ǵárezsiz Watanım eger buyırsa,
Qaratawdı qoparǵanday kúshim bar.

Tasqınlaǵan qarıw-kúsh bar denemde,
Hámmesin jumsayman tuwılǵan elge,
Watannıń bayraǵın biyik kóterip,
Eldiń dańqın jayajaqpan álemge.

Sport — meniń ómirimshe joldasım,
Sezip júrmen ǵayratımnıń talmasın,
Balalar sportı — dáwir talabı,
Basqalarda onnan shette qalmasın!

## ÓZBEKISTAN — JÁNNET MÁKAN

Kóz tartadı asqar tawlar,
Sıńq-sıńq kúlip bulaq aǵar,
Eteginde gúllep baǵlar,
Ózbekistan — jánnet mákan.

Kókten háwes quyash hám ay,
Xalıqtıń tórt túligi say,
Hár kún ener kórkem shıray,
Ózbekistan — jánnet makan.

Ǵárezsizlik nurın shashtı,
Jerdiń ústi, jerdiń astı,
Baylıq káni qırman tastı,
Ózbekistan — jánnet makan.

Diyqan jerdiń tilin biler,
Ter tógip baylıq óndirer.
Miynet ráhátin kórer,
Ózbekistan — jánnet makan.

Hawası em, janǵa jaǵar,
Jeri saqıy, suwı gáwhar,
Tórt pasıldıń biri báhár,
Ózbekistan — jánnet mákan.

Eli tınısh ashıq aspan,
Quyashtay kúlgen shıǵıstan,
Miyman kelse qushaq ashqan,
Ózbekistan — jánnet mákan.

## ǴÁREZSIZLIK ǴUMSHALARÍ

Bilim quwǵan, ruwxı bay,
Barlıq jaǵı kelisken say.
Is buyırsań eter bárjay,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

Íqlas salıp óner bilgen,
Texnikanı júwenlegen.

Quyash bina etken jerden,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

Boyda kúshi tolıp tasar,
El-jurtım dep janıp-jasar.
Xalıq mápine úles qosar,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

Kókireginde ótkir zeyin,
Miynet súygish, iske beyim.
Qádem atar, qalmas keyin,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

Júreginde tolqıǵan yosh,
Tuwısqanday arttırǵan dos.
Júzi jarqın, kewili xosh,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

Tınısh ómir, ashıq aspan,
Baxıt kúlip, nurın shashqan.
Erkin ósken áwel bastan,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

Ozıq oyı, kewili ilgir,
Iyelegen tereń pikir.
Keleshegi jarqırap tur,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

## ARMIYA

Tuwılǵannan ǵayratlısań,
Qolda qural, aybatlısań.
Wazıypańa tayın tursań,
Tiregimseń, Armiyam.

Gúreslerde boldıń palwan,
Isenimli bekkem qorǵan.
Xalqımızdan quwat alǵan,
Qúdiretliseń, Armiyam.

Hádden asıp qutırǵandı,
Kózlerine qan tolǵandı.
Elimizge topılǵandı,
Jeksen etken Armiyam.

Qarıwındı biler álem,
Áskerleriń batır gileń.
Ashıldı qushaǵıń keń,
Doslarıńa Armiyam.

Qıraǵısań mudam baqlap,
Eldiń isenimin aqlap.
Tursań tınıshlıqtı saqlap,
Sharshamastan Armiyam.

Heshbir elge suqpadıń qol,
Gózlegeniń tınıshlıq jol.
Baxtımızǵa bárha saw bol,
Maqtanıshım — Armiyam.

## JAS ÁSKER QOSÍǴÍ

Qolda qural, boyımda kúsh, palwanman,
Bul kúshti men tuwǵan elden alǵanman.
Eldi qorǵap kózdiń qarashıǵınday,
Paraxat ómirge bekkem qorǵanman.

Kamalatqa kelip óstim shoq bolıp,
Men janaman elim ushın ot bolıp.

Shegaranı buzǵan qara niyetli,
Jawız kúshke atılaman oq bolıp.

Jawızlardı shıbın shenli kórmeymen,
Buyrıq bolsa alǵa qaray órleymen.
Watan topıraǵı kózime súrme,
Basqalarǵa qarıstay jer bermeymen.

Artımızda tuwıp ósken elim bar,
Asqar tawım, jasıl toǵay, kólim bar.
Írısqı-nesiybem, ıǵbal, mártebem,
Baylıqtıń anası — hasıl jerim bar.

Ǵárezsizlik alǵan ullı xalqım bar,
Jer júzinde keń taraǵan dańqım bar.
Tuwǵan elim xızmetińe sadıqpan,
Júregimnen shıqqan lebiz-antım bar.

Tınıshlıqta kúnshıǵıstan atar tań,
Janǵa jaylı turmıs barar parawan.
Nárestenіń buzılmasın uyası,
Ata-ana bolıń bárha qáterjam.

## TÍNÍSHLÍQ JASASÍN!

Jawızlıq iske,
Kim qolın sozsa.
Bilemiz ondaydıń,
Ómiri qısqa.

«Birewge gór qazsań,
Túseseń óziń».
Seniń de uzamay,
Jumılar kóziń.

Watanın satqan,
Júzi qaralar.
Jerkenip qaraydı,
Oǵan adamlar.

Jawızlıq heshqashan,
Iske aspaǵan.
Tınısh ómirde,
Xalqım jasaǵan.

Tuwısqan xalqıma,
Tınıshlıq kerek.
Tınıshlıq ushın,
Soǵadı júrek.

Tınıshlıq jasasın!
Qanxorǵa ólim.
Márdana jasaydı,
Ǵárezsiz elim!

## SHEGARA ÁSKERINIŃ XATÍ

Alp anadan tuwılǵan,
Dáwjúrekli palwanman.
Polat kibi quyılǵan,
Shegaraǵa qoyılǵan.

Gúzetemen tawlarda,
Alǵa qarap órleymen.
Basqınshıǵa, jawlarǵa,
Qarıstay jer bermeymen.

Qanlı qolın sozǵandı,
Qıraǵıman, sezemen.
Shegaranı buzǵannıń,
Tumsıqların ezemen.

Áskerlikke jollaǵan,
Tuwılǵan jer, xalqım bar.
Endiredi kúsh maǵan,
Elge bergen antım bar.

Aspan, teńiz, kólimniń,
Hámme jerin baqlayman.
Ata-ana, elimniń,
Isenimin aqlayman.

Maqsetime jetemen,
Kúshli qural qolımda.
Jandı pidá etemen,
Tınıshlıqtıń jolında.

## SHEGARADA ÁJAǴAM

Qolda quralların oqlap,
Eldiń tınıshlıǵın saqlap.
Xalqımızdıń duzın aqlap,
Shegarada tur ájaǵam.

Ozıq oyı, zeyini ilgir,
Qıraǵı kóz barın sezgir.
Wazıypasın sonday bilgir,
Shegarada tur ájaǵam.

Nıshananı gózler mergen,
Shıbındı da ótkermegen.
Xızmetine komandirden,
Alǵıslar alǵan ájaǵam.

Dáwjúrekli kúshi talmas,
Jawınan sirá qorıqpas.
Postınan tapjılmas,
Elimdi qorǵar ájaǵam.

Ǵárezsizlik alǵan eldi,
Baylıǵı mol hasıl jerdi.
Xalqım oǵan quwat berdi,
Elimdi qorǵap tur ájaǵam.

## BIZIŃ RAKETASHÍLAR

Jer júzine málim atı,
Heshkimniń de jetpes dadı.
Elimizdiń zor aybatı,
Biziń raketashılar.

Sum niyetli kelse qaydan,
Jasırınıp taw hám saydan.
Ordasına salar oyran,
Biziń raketashılar.

Tapsıradı ana-Watan:
— «Urıs kórmey óssin adam!».
Óz isine qanıq maman,
Biziń raketashılar.

Heshkimnen qorqıp qashpaǵan,
Albırap yaki saspaǵan.
Heshkimge urıs ashpaǵan,
Biziń raketashılar.

Qatarınıń bári saylı,
Iske puqta abırayı.
Kim urıssa ońdırmaydı,
Biziń raketashılar.

Ushadı jaqın, alısqa,
Taw, teńiz, dárya jaǵısqa.
Qol urmas sirá urısqa,
Biziń raketashılar.

Bizdi mudam júrgen kúnlep,
Jawız kúshler qorqar zirlep.
Tınıshlıqqa bolǵan tirek —
Biziń raketashılar.

## TANKISTLER

Alǵa basıp órlegen,
Keyinge qaytıp kórmegen,

Dushpan qorqıp zirlegen,
Qaharman biziń tankistler.

Jeńislerge jol ashqan,
Boylarında kúsh tasqan,
Erlik isi bir dástan,
Xalıq awzında tankistler.

Polat temir qursanıp,
Kórgen emes jasqanıp,
Qıyın jerden jol salıp,
Baǵdarı durıs tankistler.

Qorqıp izge ketpegen,
Sebepsiz qan tókpegen,
Dushpan oǵı ótpegen,
Polat tonlı tankistler.

Mártlikten jeńis dóregen,
Xızmetlerin bilemen,
Paraxat ómir tilegen,
Hámme waqıt tankistler.

## ALTÍN NÍZAMÍM

Nızamım jaqtıń kópke,
Sizge hesh etpes ókpe,
Xalıqtı shaqırasań,
Mudamı ádillikke.

Raxmet altın Nızam,
Ornadı nurlı zaman,
Oqıwǵa hám islewge,
Erkti berdiń maǵan.

Bereket darıp elge,
Óstim men usap gúlge,
Siltediń sarras joldı,
Keleshek mánzilime.

Bulaqtay kewilim tastı,
Shad etip mendey jastı,
Shaqırıp mektep, kolledj,
Qushaǵın keńnen ashtı.

Jadırap tańım atar,
Hárbir jas baxıt tabar,
Hámmege berdiń teńlik,
Hár sóziń janǵa jaǵar.

Xoshlıqta óter waqtım,
Miynettiń nanın tattım.
Túnekti serpip taslap,
Nızamını boldıń jaqtım.

## QARAQALPAQSTAN BAYRAǴÍ

Óz aldıńa otaw boldıń,
Keleshek zor, bálent qolıń,
Tańlap alǵan sarras jolın,
Qaraqalpaqstan Bayraǵı.

Kem emesseń kókte kúnnen,
Xalıq húrmetlep ádiwlegen,
Tolqınlanıp jelbiregen,
Qaraqalpaqstan Bayraǵı.

Quwantar jańa tuwǵan Ay,
Berip tur ol kórkem shıray,

Qádem at dep alǵa qaray,
Qaraqalpaqstan Bayraǵı.

Kók reń bul — mángi báhár,
Sarı reń — suw hám gáwhar,
Jasıl — jaslıq ańlatar,
Qaraqalpaqstan Bayraǵı.

Bes dana juldız — bes qala,
Tuwısqanlasqan dos qala,
Áyyemgi hám de jas qala,
Qaraqalpaqstan Bayraǵı.

Xalqımızǵa bolǵan qosıq,
Júregine jiger qosıp,
Kózimizge bolǵan ısıq,
Qaraqalpaqstan Bayraǵı.

Biyǵárez el qayta tuwǵan,
Ádalatsızlıqtı quwǵan,
Ruwxı bayıp jańarǵan,
Qaraqalpaqstan Bayraǵı.

Tańı appaq, ashıq aspan,
Quyash kúlip, nurın shashqan,
Doslıq, birlik baxtın ashqan,
Qaraqalpaqstan Bayraǵı.

## BIZIŃ GERB

Insanıylıq pazıylettiń,
Shın qálbinen shıqqan kóptiń,
Suverenli mámlekettiń,
Nıshanısań biziń Gerb.

Quyash shashar altın shuǵla.
Jer jáhándi bólep nurǵa,
Insanlardı jarqın jolǵa,
Baǵdarlaǵan biziń Gerb.

Appaq paxta, altın masaq,
Máńgilikke turar jasap,
Nurlanadı kúnge usap,
Qaraǵanda biziń Gerb.

Jańa tuwǵan kóriner ay,
Keń qanatın jayǵan qumay.
Alǵan hárbir júrekten jay,
Sonday sulıw biziń Gerb.

Kórinedi qorǵan-tawı,
Bul jerden el ıǵbal tawdı.
Bekkem miytin, berk bawı,
Táriyplegen biziń Gerb.

Molshılıq hám nesiybemiz,
Anamız bul dárya, teńiz.
Kórgen tabalmaydı kemis,
Bárin jámler biziń Gerb.

Ómir súrgen xalıq erkin,
Orınlaǵan ayqın sertin.
Ar-namısı tuwǵan eldiń,
Mámleketlik biziń Gerb.

Tınıshlıqtıń dánin sepken,
Turmıs sınaǵınan ótken.
Jer júzine dańqı ketken,
Saltanatlı biziń Gerb.

## QÍZÍQTÍŃ BÁRI LAGERDE

Házirgi balalar baxıtlı,
Tamaǵı toq, kiyimi pútin.
Lagerde ótkerer waqıttı,
Zor tárbiya, ne degen kútim.

Sonday saqıy xalqımnıń qolı,
Bárin balalarǵa arnaǵan.
Júrekleri shadlıqqa tolı,
Zerigiwge orın qalmaǵan.

Payızlı jer lager qushaǵı,
Gózzal túske enedi jazda.
Bir-birine suwlar shashadı,
Kól suwına shomılıp bazda.

Qalıń saya, baǵdıń astında,
Jas palwanlar gúreske túsken.
Tamashanıń bári usında,
Jaqsı kúnler shıqpaydı esten.

Kúnde sana-sezimi ósip,
Kewili xosh, júzleri jaynar.
Shınıqtırıp barar denesin,
Maydanshada top tewip oynar.

Bilmegenin biler balalar,
Dógerekler isleydi kúnde.
Gazeta hám kitap tabılar,
Oqıw ushın ne kerek kimge.

Jetekshige bolasań ırza,
Demalısıń kewilli óter.
Qızıqlar kóp lagerde sonsha,
Kelgen bala taǵı da keler.

Qanday jaqsı kóz benen kórseń,
Tuwılǵan jer kórkem, ájayıp,
Sayaxatqa shıqqıńız kelse,
Sizler ushı avtobus tayın.

Quwanıshtan kewili tasıp,
Talantlılar qosıqlar aytar.
Shadlıqlarǵa shadlıq ulasıp,
Bunda ómir qazanday qaynar.

Ana-Watan alaqanında,
Hárbir bala ósip, er jeter.
Jaqsılanıp barar bárqulla,
Keleshegiń bunnan da beter!

## ESLEW

*(Lagerde oqılǵan qosıq)*

Urıs! Degen dabıl qaǵıldı,
Islep turǵan lager jabıldı.
Jetekshi hám ustazdıń bári,
Áskerlikke demde alındı.

Málim edi eldegi turmıs,
Toqtap qaldı baslanǵan qurılıs,
Oyın degen qaldı bir jaqta,
Balalıqtı urladı urıs.

Men sizlerdey oynay almadım,
Zaman túrin serlep bayqadım,
Shańqay túste biyday qırmanda,
Jılqı qosqan túyek aydadım.

Men sizlerdey kiyim kiymedim,
Urıs boldı meniń bilgenim,
Kultivator, okushka aydap,
At júwenin uslap súyredim.

Túsken edi uwayım elge,
Jaǵday solay edi hámmege,
Traktor joq jerdi súrgendey,
Ógiz qosıp, usladım gúnde.

Awırmanlıq balaǵa tústi,
Ǵarrı menen anaǵa tústi,
Ketkenlerdiń ornın bildirmey,
Atızda atqardım isti.

Mına jumıs awır demedim,
Buwın qatıp, mıqlı bilegim,
Ǵawashaǵa aqsham suw ashıp,
Atız baslarında túnedim.

Toydırmadım nanǵa qarındı,
Belge buwǵan qayıs tarıldı,
Atızlarda talay jıǵıldım,
Kesek qaǵıp ayaqlarımdı.

Qıyınlıqtıń bárine kóndik,
Armiyaǵa járdemdi berdik,
Miynet etip bala bolsaq ta,
Aqırında dushpandı jeńdik.

Onday kúnler qaytıp bolmaǵay,
Qıyınlıqtı basqa salmaǵay,
Búgingidey baxıtlı zaman,
Bekkemlenip, máńgi ornaǵay!

## EL PERZENTI
*(Poema)*

*«Eldiń atın er shıǵaradı,*
*Erdiń atın el shıǵaradı».*
*(Xalıq naqılı).*

*Taxtakópir rayonındaǵı Ózbekistan Qaharmanı, Ózbekistan Respublikası Oliy Majlis Senatı aǵzası, «Adilet-Taxta» juwapkershiligi sheklengen mashına-traktor parkiniń baslıǵı Aǵıtay Adilov haqqında*

## AǴÍTAY BALALÍQ HÁM JASLÍQ SHAǴÍNDA

Shúkir etip ótken kúnge,
Anasınıń jeteginde,
Balalıǵı ótti onıń,
Bórshitawdıń eteginde.

Músiybet awır ne degen,
Bilmeydi onı kórmegen,
Bir jasar waqta Aǵıtay,
Ayrılıp qaldı ákeden.

Bala jetim qalıp jaslay,
Sonda da ol ósti saspay.
Bawırına bastı ana,
Palapanın baqqan qustay.

Ana siltep tuwrı joldı,
Bilip aldı oń hám soldı,
Aǵıtay kem-kem er jetip,
Qıyın kúnler umıt boldı.

Bólenip jaqsı sezimge,
Zor uqıp boldı ózinde,
Klasta ağla oqıdı,
Ağıtay bala gezinde.

Kiymey-aq taza kiyimdi,
Oqıwğa saldı zeyindi,
Balalarğa járdem etti,
Sabağınan eń keyingi.

Peyili keń, etpes tarlıq,
Sóz sóylemes kemis-artıq.
Basqalarğa úlgi boldı,
Klasında saqlap tártip.

Turmıstıń awır salmağı,
Qapshıqqa dáni tolmadı,
Otlı jılları xalıqta,
Kún kóris ańsat bolmadı.

Toq emes tuwğan jaqınım,
Sorawğa barmas batılıń,
Anası menen Ağıtay,
Masağın terdi daqıldıń.

Tońsa da qıstıń ayında,
Kelgeni sol ğoy qayımğa,
Ana-bala túnep shıqtı,
Atkónektiń tar jayında.

Ol kúnler qaytıp kelmegey,
Jas áwlad onı kórmegey,
Altın dáwran tap búgingi,
Jaynap-jasnap órley bergey!

Sózin tıńlap ustazlardıń,
Oqıp aytqan kitapların,
Pitkerdi orta mektepti,
Aldı bolıp balalardıń.

Jumsaǵanda tildi alǵısh,
Jası úlkennen aldı alǵıs,
Nesiybesi moldan bolıp,
Jaqın boldı jolı alıs.

Kún artınan kúnler keldi,
Jıl artınan jıllar keldi,
Anası menen Aǵıtay,
Qıyınlıqtıń bárin jeńdi.

Bilim-óner tozbas múlk,
Hám qaradı áwmet kúlip,
Xojeli hám Tashkent jaqta,
Oqıp keldi bilim quwıp.

Bilim-óner alǵan jastı,
Ana bawırına bastı,
Awıl xalqı, ustazları,
Quwanısıp kewili tastı.

Iyelegen óner-kásip,
Turmısta hesh turmas sasıp,
Biziń elde qánigege,
Hámme waqıt esik ashıq.

Óz kásibin jaqsı bilgen,
Mashqalanı zeyni ilgen,
Boldı jigit bas esapshı,
Taza bólim «Qońırat kól»ge.

Bilgen adam esap-sanaq,
Kirisedi jumısqa haq,
Tabıstıń ashıp sağasın,
Umtıladı alğa qarap.

Eger birew bolsa qapa,
Kórse ne haq jábir-japa,
Jırın jırlap, arın arlap,
Taq turadı soğan bárha.

Keńes alıp Ağıtaydan,
Orın alğan kewil jaydan,
Jańalıqtıń jarshısınday,
Jaqsı isi qulash jayğan.

## ANASÍ TOYDÍ HAQQÍNDA AYTQANÍ

Men ushın ol boldı ákem,
Qatarımnan etpedi kem,
Adam qıldı tárbiyalap,
Búgin kókke jetti tóbem.

Ana súti berip dárman,
Orınlanıp atır árman,
Sońğı demim tawsılğansha,
Men anama qarızdarman.

Ol siltegen júrdim joldan,
Júgimiz joq jolda qalğan,
Tamır jayıp, shaqalanıp,
Bağım miywe berdi moldan.

Aqılgóyim anam meniń,
Arqa súyer panam meniń,

Júregime mehir quyǵan,
Máńgi bulaq saǵam meniń.

Anam meniń baxtım boldı,
Qarańǵıda jaqtım boldı,
Oylasarım, keńeserim,
Saltanatım, taxtım boldı.

Anam eger qapa bolsa,
Qıynalǵanman men de sonsha,
Anam maǵan tutar edi,
Eńbek etip, neni tapsa.

Anam maǵan boldı tirek,
Men dep onda soqtı júrek,
Aq sút berip mápelegen,
Ana — Kaabam, ornı bólek,

Anam meniń aqılǵa bay,
Oǵan heshkim kelmeydi tay,
Heshbirewdi jatsınbaydı,
Bawırınan beredi jay.

Miynetke ol pisti qaynap,
Ómir súrdi meni oylap,
Ar-namısım, maqtanıshım,
Meniń ushın boldı bayraq.

## ANA NÁSIYATÍ

Awır isten buǵıp qashpa,
Qopal gápke aralaspa,
Tartınbastan haǵınan kel,
Ótirik sóz aytpa hasla.

Wáde berseń, wádeńde tur,
Ishki debdiw saqlaǵıl sır,
Sál nársege ashıwlanıp,
Ondaylarǵa kórsetpe qır.

Xabar al jetim halınan,
Ash adamǵa ber nanıńnan,
Pitker mútáj jumısların,
Kelgendey bolsa qolıńnan.

Hesh birewge hazar berme,
Kámbaǵal dep tómen kórme,
Sawaplı isiń qaytadı,
Jaqsılıǵıń qalmas jerde.

Niyet etip umtıl alǵa,
Mudam eldiń mápin qorǵa,
Jılaǵandı jubat balam,
Ǵamxorlıq et mayıplarǵa.

Kemlik kórgen kamal tabar,
Jıllı sóz ayt janǵa jaǵar,
Aǵıtayım keleshekte,
Ottay gúrlep baxtıń janar.

## AǴITAY — «TAXTAKÓPIR» XOJALÍǴÍNÍŃ BASLÍǴÍ

Taxtakópirli Aǵıtay,
Jumısın eter sayma-say,
Xabardar hámme nárseden,
Jarlı emes, ruwxı bay.

Pazıyletli, orta boylı,
Basqalardan ozıq oylı,
Artta qalǵan xojalıqtı,
Basqarıwǵa qádem qoydı.

Usılay sheshti basshılar,
Xalıqta kóp ǵoy jaqsılar,
Xojalıq bolıp abadan,
Xalıqtıń baxtı ashılar.

Basshılıqtı qolǵa alıp,
Kókiregi isti tanıp,
Kiris qanday, shıǵıs qanday?
Kórdi bárin shotqa salıp.

Bendeniń bilmegeni kóp,
Oǵan sirá qoyılmas shek,
Kókirekke urǵan emes,
Bárin ózim bilemen dep.

Jıynap eldiń ǵarrı-jasın,
Búkpesten ayttı rasın,
Oyata bildi xalıqtıń,
Miynetke bolǵan ıqlasın.

— Tıńlańız! — dedi xalıq,
Kóz ashıp alǵa qarayıq,
Salqın zona arqadaǵı,
Eń úlgili el bolayıq.

«Eldiń atın er shıǵarar,
Erdiń atın el shıǵarar»,
Degen ǵoy ata-babamız,
Esten bunı kim shıǵarar.

Jer degen bul baylıq kániń,
Neni kútseń berer bárin,
«Miynet túbi — ráhát» ǵoy,
Bolar sonda nanıń qalıń.

Ash qaladı miynet etpes,
Niyetine qolı jetpes,
Jeńdi túrip, beldi buwsaq,
Miynetimiz zaya ketpes.

Jer qoynına shigit túser,
Erte ekseń, erte piser,
Túsinesiz hárbir diyqan,
Mol dáramat, tabıs óser.

## EGISTE

Elge kelip jańa basshı,
Jańa usıl endi jaqsı,
Ádillikti joldas etken,
Sózi jıllı, emes ashshı.

Sóz degen bul kewil múlki,
Sóylesti ol tawıp tildi,
Júreginiń jolın tawıp,
Adamlardı jumsay bildi.

Texnikanıń kúshi artıq,
Diyqan biler onıń parqın,
Gónelerin qayta ońlap,
Tazaların aldı satıp.

Miynetke ıqlas bergenge,
Qalmaydı jumıs erteńge,

Gúrildegen texnikalar,
Keń kólemdi boldı demde.

Atızlarda jumıs qaynar,
Qasım traktorın aydar,
Eglenbesten neftebazdan,
Kelip turdı janar maylar.

Alǵa jaqsı niyet tutıp,
Kerek zattı turmas kútip,
Kelip tur ustaxanadan,
Texnikaǵa kemis-qutıq.

Jumıs qızdı bolsa da tún,
Isin bolmay qaytadı kim,
Topıraqqa aralassa,
Shigit degen sanawlı kún.

Basqalarǵa úlgi bolıp,
Suwıtpadı diyqan qolın,
Aǵıtay atız basında,
Bazda aqsham shıqtı qonıp.

Doń-shuqır joq, atız tegis,
Agronomı tappas kemis,
Hámmeden burın bayıdı,
Báhárdegi shigit egis.

Jatpadı heshkim erinip,
Turmadı páshek kórinip,
Ǵawasha atız jasardı,
Waqtında azıq berilip.

Diyqan xalqı tappas tınım,
Bos ótkermes qımbat kúnin,

Jas baladay álpeshledi,
Ǵawashanıń hárbir túbin.

Birew kóship taslap eldi,
Kóshken menen qaytıp keldi,
Ǵawashaǵa qarıq ashtı,
Qolǵa alıp ótkir beldi.

Ol aytadı: — Elim jaqsı,
Hasıl, saqıy jerim jaqsı,
Jazda suwǵa shomılaman,
Qaratereń kólim jaqsı.

Tashkent, Nókis qalam jaqsı,
Baylıq káni — dalam jaqsı,
Húrmet etip, sálem bergen,
Ádepli qız-balam jaqsı.

Elge aǵa basshım jaqsı,
Qasındaǵı qosshım jaqsı,
Bala gezden oynap ósken,
Qatar-qurbı, dostım jaqsı.

El qádirin bilgen jaqsı,
Arasında júrgen jaqsı,
Basqa jaqqa barǵan biler,
Tuwıp ósken irgem jaqsı.

Miynet súygish xalqım jaqsı,
Milliy dástúr, saltım jaqsı,
Eldiń ishi — altın besik,
Bilip aldım parqın jaqsı.

## TERIMDE

Quyash kókten kúlip baqtı,
Hár túp moldan túyme taqtı,
Altın gúzde ǵawashanıń,
Hár xanası tasıp aqtı.

Qarap jatpas diyqan xalqı,
Kútip alıp atır tańdı,
Belge bekkem fartuk baylap,
Hámme iske jumalandı.

Shetlemes heshkim paxtadan,
Jolında bolar aq taban,
Tuwısqanlıq qolın sozdı,
Kómekshi kelip Taxtadan.

Baslanǵanda paxta terim,
Ayıradı erdiń erin,
Ózlerine namıs kórdi,
Artta qalsa qara kórim.

Kún ǵániymet ashıq-jarıq,
Bes barmaqtay biler xalıq,
Avtomashin, telejkada,
Punktlerge turdı barıp.

Jıyın-terim úlken erlik,
Erlik etiw — doslıq, birlik,
El basshısı mıyıq tartar,
Kúnlik maǵlıwmattı kórip.

Jer jáhánge bergen jaqtı,
Arqasınan quyash qaqtı,

Jigit atı qamshı súymey,
Top ayırıp shıǵa shaptı.

Ǵárezsizlik alǵan waqta,
Iye boldı jaqsı atqa,
Bórshitawdıń qaramınday,
Elimizge bergen paxta.

Hár qádemin shıyraq taslap,
Qırman úyiw kerek shashlap,
Aǵıtaydıń xojalıǵı,
Barar mudam kóshti baslap.

Paxtakeshtiń keldi qolı,
Etken miynet sátli boldı,
Hámmelerdi quwandırdı,
Mámleketlik joba tolıp.

## BASÍNDA HÁR TÚRLI IS BAR

Jumıssızǵa tabılar is,
Ayanbastan jumsasań kúsh,
Sharwalardı albıratpas,
Muz qatırǵan qáhárli qıs.

Mol keltirer dáramattı,
Ishkenińde súti tatlı,
Bul tarawdan túsken payda,
Jumsaladı ádalatlı.

Kógergen soń tuqım tolıq,
Baqtı diyqan maldan qorıp,
Tolı masaq basın iyip,
Pisti biyday jılda bolıq.

Biyday degen ırsqı nan,
Berer boyǵa quwat-dárman,
Hárbir masaq zaya bolmay,
Tasqınladı biyday qırman.

Arqa súyep texnikaǵa,
Xojalıqtı tarttı alǵa,
Ekonomlap jetkerdi ol,
Bes mıń somdı bes millionǵa.

Sharshamaǵan, boyda kúsh bar,
Júreginde otlı yosh bar,
Ol bir jerde eglenbes kóp,
Basında júz túrli is bar.

## AWÍLDA

Awıldıń zor aqsaqalı,
Hár insannıń oylar ǵamın,
Basqarıp barar pákize,
Toy-mereke, lazımların.

Eńbek etken nanın jeydi,
Gáp emes bul deydi-deydi,
Bul awılda tártip qatal,
Biysáwbet jan kórinbeydi.

Waqıt júyrik, waqıt shesher,
Jónge tústi nebir eser,
Shańaraqtan tabılmadı,
Haram tamaq, jatıp isher.

Ornatqan soń sheber qollar,
Túndi serpip janar nurlar,

Jarıq nurdıń jaqtısında,
Jerdegi iyneń tabılar.

Quyash kókten kúlip bağar,
Japtan ılay suwlar ağar,
Bul awılda hár jıl sayın,
Jayğa jay qosılıp barar.

Xabar berseń jetip barar,
Tıńlar júrek qalay soğar,
Shıpakerlik puntki islep,
Nawqaslardıń emin tabar.

Ustaxana, monshaxana,
Tınbay isler nanbayxana,
Íssı shórekke toyadı,
Mektep, baqshadağı bala.

Bağ miywesi berer maza,
Awıl-aymaq sonday taza,
Taslandını tókse birew,
Qolıanadı oğan «jaza».

Kórseń sawlat berer elge,
Boy tiklegen órlep kúnge,
Gerbish penen may zavodtıń,
Imaratı pitti demde.

Qánigeler jolın tapqan,
Zavodta may suwday aqqan,
Bári xojalıqtan piter,
May ákelmes basqa jaqtan.

Diyqanlardıń tamağı toq,
Kiyim pútin, kóylegi kók,

Ağıtaydıń elatında,
Gaz barmağan shańaraq joq.

Quwandırar tabıs tasıp,
Xalıq ósken qurğınlasıp,
Awıl kiyatırğan yańlı,
Qalalardıń izin basıp.

Jolıń túsip barsań eger,
Kóshelerin aralap kór,
Sorasańız bul awıldı:
— Ağıtaydıń awıl, — der.

## SAWAPLI IS

*«Qayırlı hám sawaplı isler insandı túrli báleqadadan saqlaydı».*

*«Hádis»ten.*

Húrmet etip kásip-kárin,
Kimler qanday bildi bárin,
Xojalıqta keńnen ashtı,
Sawap istiń esiklerin.

Eger jayı tursa tozıp,
Jańaladı qayta buzıp,
Jetim-jesir, ğamlarğa,
Keldi mudam qolın sozıp.

Bolsa eger jası úlken,
Orın berdi sıylap tórden,
Támiyinlep mútáj zatların,
Ortalıqtan berdi járdem.

Ádil bolıp sheshti dawdı,
El basqarıp, kamal tawdı,
Dańqı tarap elden elge,
Saqawattıń nurın jawdı.

Tereń oylap aldı-artın,
Kesip aytar sóyler gápin,
Suwday ishken nızamlardı,
Qorǵap mudam insan mápin.

Xojalıqta jaysız bar ma,
Jay berildi jaysızlarǵa,
Xojalıqtı keme desek,
Aǵıtayıń boldı darǵa.

## MEKTEPKE QÁWENDERLIK

Qarasań kórkem, shıraylı,
Tárbiyalaǵan talaydı,
Jetinshi sanlı mektep bul,
Awıldıń bilim dárgayı.

Shashılǵan yańlı kókten nur,
Jazıwǵa arzır dástan-jır,
Awıldıń dál ortasında,
Mektep zor sawlat berip tur.

Oqıǵan mektep qasında,
Qaraysań tamashasına,
Balalar oyın qızdırǵan,
Sport maydanshasında.

Ádepli hár qız hám bala,
Tili bayıp ósken sana,

Oqıwshıǵa xızmet eter,
Eki birdey kitapxana.

Oqıwshılar qalmay keler,
Bilmegenin oqıp biler,
Turaqlı jumıs islegen,
Pán kabinet, dógerekler.

Hárbir ustaz jalıqpaǵan,
Alǵıs aytar xalıq oǵan,
Ustaz aytar oqıwshıǵa:
— Bilim menen alǵa qarań!

Klass jayı muqıyatlı,
Tálim alǵanlar talantlı,
Imarattıń tóbesine,
Jańadan shifr ornattı.

Bul mektepke tez-tez kelip,
Kemis zatın turar berip,
Ana-mektepke Aǵıtay,
Etip atır qáwenderlik.

Tutıp bárha tuwrı joldı,
Sawap iske sozıp qoldı,
Ata-ana, oqıwshılar,
Aǵıtayǵa ırza boldı.

## BÁNTBASAR

Isker basshı kópti kórgen,
Eldiń mashqalasın bilgen,
Deputat, Senat aǵzası,
Sóyledi biyik minberden.

Ǵárezsizlik jolı aydın,
Dańqıń tarap, qulash jaydıń,
«Altın Juldız» jarqıraydı,
Óńirinde Aǵıtaydıń.

Tınıshlıqta atıp tańı,
Xalqı ushın pidá janı,
Ayanbastan xızmet eter,
Ózbekistan Qaharmanı.

## JAS USTA

*(Poema)*

Ústaxana úlken bólme,
Sırttan kórgen oylar klub.
Dıqqat qoyıp otır hámme,
Qıyal tolqıp, oyǵa shómip.

— «Úyrenseń ilim-ónerdi,
Íqlaslanıp jasıńnan.
Janınday kórip qádirli,
Eliń sıypar basıńnan.

Kúshi menen ilimniń,
Ushtı jerdiń joldası.
Nur shashıp gerbi elimniń,
Ay-kún menen sırlastı.

Iye bol bilim kúshine,
Oy jiberip alısqa.
Jaqın jıllar ishinde,
Baramız ushıp Marsqa.

Qıyın istiń hámmesin,
Mashina menen isleymiz.
Arba menen gúndeni,
Muzeyde ornıń, xosh deymiz.

Qol miyneti sabaǵında,
Soqtıńızlar kóp nárseni.
Ózleriń kórdiń jaqında,
Sánlendirdi kórgizbeni.

Úyretemiz bilmegenge,
Soǵıw jolın qolay etip.
Jollar ashıq sheberlerge,
Qatarınan bolsa jetik.

Aǵashtan-aq mashinanı,
Soǵıp alıp aydap ketiń.
Samolyottı ushır qáne,
Kólkke ushıp aydan ótiń.

Ketkenińshe úyrenip,
Qıyınlıq bolar jolıńda.
Buraw yaki biz túyrelip,
Otırmasın qolıńa.

Isleymen deseń qanday is,
Ustaxana emes ǵoy tar.
Qashaw, jarǵı hám de shókkish,
Kereginniń barlıǵı bar.

«Ónerliniń qolı — altın»,
Degen sóz bar xalqımızda.
Óner bilseń shıǵar dańqıń,
Qızıq ómir aldımızda.

Dáslep neni soǵıw kerek,
Aq qaǵazǵa alıń sızıp.
Hár birewi bólek demek,
Soǵıp kórseń kúta qızıq» —

Degen sózi muǵallimniń,
Balalardı quwandırdı.
Iyesi óner-ilimniń,
Keleshegi aydın, nurlı.

Neshe sapar ótti sabaq,
Birden bilip ketiw qıyın,.
Kem-kem biler emes uzaq,
Kóz kóredi minut sayın.

Jaslar bázibir waqıtlarda,
Ótkizdi ustaxanada.
Muǵallim soǵıw jolların,
Úyretti hárbir balaǵa.

Jas sheberler qumbıl bolıp,
Háwij aldı, qızıp kóp is.
Birazları aǵash jonıp,
Taqıldaydı urǵan shókkish.

Topılıstay tıń tósine,
Waqıt qımbat irkiliwge.
Ustaxana bólmesinde,
Miynet sazı shertiliwde.

Aǵashtan zat islew jolı,
Balalardı qızıqtırdı.
Úyrenisip kem-kem qolı,
Sheberlikke shınıqtırdı.

— Qollarıńdı urıp alma,
Hárbir iske qolıń epli.
Dep muǵalim ayttı sonda, —
Óner jayı emes bekli.

Ayttı ol bir balaǵa:
— Buraw menen teskeniń.
Jaraydı. — Mınaw bola ma?
— Bolmaydı, kelte keskeniń.

Ózi ólshep, ózi kesip,
Islew jolın ayttı oǵan.
Jas júrekler sháwkildesip,
Intası zor iske bolǵan.

Hárkim óz isine qumbıl,
Soǵıp atır hár túrli zat.
Deydi kewil alǵa umtıl,
Alıwǵa usta degen at.

Otırǵıshtı soǵıw boldı,
Sársenbaydıń ıqlas oyı.
Ashılǵanday óner jolı,
Quwanıshqa biylep boydı.

Bilemen dep turmay erek,
Qaptalına bara qaldı.
Qalay etip soǵıw kerek,
Ustazınan sorap aldı.

Ele iske emes jetik,
Qayta islep «azaplandı».
Pıshaq ushı tayıp ketip,
Qolın kese jazlap qaldı.

Tağı jondı, tağı kesti,
Oy — komandir, barmaq — soldat.
Taqıldaydı shókkish sesti,
Ustanıń qolında oynap.

Mańlayınan aqqan teri,
Tamdı jońğan ağashına.
Boyında qaynap jigeri,
Isker diyqan balasınıń.

Ólshep alıp, kesip jondı,
Tórt ayağın etip teńdey.
Ornına úylestirip qoydı,
Turğan jeri bolsa kelmey.

Bul soqqanım muğallimge,
Unamas dep qısındı da.
Eń dáslepki qádemime,
Ustazımnan bolsın sını da!

Degen qıyal Sársenbayda,
Bolğan edi usı waqta.
Soğıp bolsa da tınbay ma,
Jonıp atır jáne taxta.

Qalay soqtıń, úyret mağan,
Dep joldası jaqınladı.
— Unamay tur bilsem jaman,
Soqqan zatım aldımdağı.

— Úyreteyin sağan, dostım,
Zeyin salsań emes qıyın.
Mına taxtań gewek, bos hám,
Soğılmaydı bunnan buyım.

Usı sózdi aytqan waqta,
Ustazı da kelip qaldı.
— Ha, Ádilov etip puqta,
Soǵıpsań! — dep qolına aldı.

Sársenbay da, muǵallim de,
Quwanıshqa boldı sherik.
Basqalarǵa etti úlgi,
Jas ustanıń isin kórip.

Sársenbaydıń soqqan zatı,
Kem kórinbes ustalardan.
Kórgen jandı quwantadı,
Ayrılıp tur basqalardan.

* * *

Oqıwdan keliw boyına,
Sheshti túyinniń sheshimin.
Maqset etti oyına,
Ustashılıq kásibin.

Shókkish, pıshqı alaman dep,
Aqsha aldı aǵasınan.
Tastı ákedegi júrek,
Ne ayasın balasınan.

Kewilin gúldey jaynatıp,
Ákesiniń «iygeni».
Quwanısh qanat baylatıp,
Ayaǵı sayǵa tiymedi.

Kúshli inta, janı sezgen,
Ustalıqtı etip ıshqı.

Awıldaǵı magazinnen,
Satıp aldı shókkish, pıshqı.

— Házir inim, qıstama tek,
Dep satıwshı tasın saldı.
Kerek bolar ustaǵa dep,
Shegeni de qosıp aldı.

Ózinde bar burǵı, pıshaq,
Kórip kem-kem quralǵanın.
Dál ustaǵa qaldı usap,
Taqlap ásbap-quralların.

Tez jetiwge asıǵadı,
Úyinde birew kútkendey.
Jetkermedi, qashıqladı,
Úyi de uzap ketkendey.

Kiyatırıp jas qıyalı,
Keń dúnyanı sharlap ketti.
Sezimi kem-kem oyanıp,
Kóp nárseni árman etti.

Taburetka, stul, stol,
Shkaf, áynek hám de qapı.
Tósew kerek jayǵa da pol,
Tolıp atır sonday taǵı.

Hámmesiniń soǵıwların,
Bilip alsam ustalarday.
Jeńemen ǵoy qıyınların,
Talaplansam izden qalmay.

Jerlerimdi bilmey qalǵan,
Úyretiwshi ustazım bar.

Ótiw ushın tayar turınan,
Gezlesse de qanday tik jar.

Aǵashtan da soǵıp kórsem,
Universal traktorın.
Gúz kúnleri paxta tersem,
Jeńilletip apam qolın.

Bul balalıq bolsa da oy,
Shınlıq iske salar soqpaq.
Qıyın iske bermesten moy,
Aydar mashinasın xodlap.

Quwanıshtıń tasqın yoshı,
Taslaǵanı joldı utıp.
Ziyrek ulın kewil xoshlı,
Ádil aǵa aldı kútip.

— Aldım aǵa, shókkish, pıshqı —
Dep Sársenbay turdı jaynap.
Talwaslanıp tolqıp kúshi,
Ozıp alǵan yańlı bayraq.

Íqlasına Sársenbaydıń,
Ádil aǵa tur súysinip.
—Talabıńnan aynalayın,
(Mańlayınan aldı súyip).

Ustashılıq jolında,
Instrumentin taqladı.
Pıshqısın alıp qolına,
Ólshep kesti taxtanı.

Salıw ushın ásbapların,
Qobdıydı da aldı soǵıp.

Salıp kórip edi bárin,
Tar soqtı ma, qaldı tolıp.

Uǵıp alǵır zeyin degen,
Shápik qıymıldaydı qolı.
Ótkir júzli pugan menen,
Gedir-búdir jerin jondı.

Kewili tolıp óz isine,
Quwanıshta boldı bárha.
Qasında otır úkesi de,
«Soǵıp ber!» dep kishkene arba.

Qaptalına shege qaqsa,
Dóńgelegin ildiredi.
Jas balanıń oyın tapsa,
Quwanǵannan sekirdi.

Ózi soqqan arbasına,
Qayta qayta qaray berdi.
Úkesin ertip qasına,
Ózi az-maz aydap kórdi.

«Ájaǵam soǵıp berdi» dep,
Maqtanıp júr basqalarǵa.
Úkesinde shadlıq kóp,
Qolınan endi taslar ma.

Ustanıńda kewili tasqın,
Kúlip qoydı mıyıq tartıp.
Miynetine quwanbas kim,
Iske assa óner artıp.

Taburetka boldı tayın,
Sheber usta dúzetkendey.

Otırıwǵa kútá qayım,
Soqqan qalmas izzetlenbey.

Jas ustanıń qolı menen,
Pitti kiyim ildirgish te.
Taǵı-taǵı soqsam degen,
Talpınadı oyı iske.

Soqqanları sonday «qatqan»,
Haqıyqat is, emes ermek.
Xalqımızda bilip aytqan:
«Ustalı el dúzeler» dep.

Túsligine shıqqanında,
Keldi Ádil esik ashıp.
Úyden usta shıqqanına,
Yosh degeni ketti tasıp.

Soqqanına balasınıń,
Ádil aǵa hayran boldı.
Úylesiwin aǵashınıń,
Kórip atır qolǵa alıp.

Isin kórip Sársenbaydıń,
Ádil aǵa ketti «xodqa».
— «Barmaǵıńnan aynalayın,
Soǵıp bergen taburetka».

Kim bolsa da unap qalar,
Kemisi joq júdáma saz.
Soǵıp birew bergen shıǵar,
Dep inanbay turadı biraz.

— Mine, aǵa taburetka,
Otırsın dep soqtım saǵan.

Mınaw kiyim ildirgishti,
Keshe onıń soqtı ózi.
Kelendirip atır isti,
Quwandırar hámmemizdi.

Sársenbaydan basqalar da,
Úyreniw de ustalıqtı.
Óner esigin ashpaqta,
Aldağı isler qızıq.

— Meniń aytar sózim dep,
Ortağa shıqtı Sársenbay.
Jas áwladpız, bolar órnek,
Óner biliw qızıq sonday.

Muğallim hám doslardan,
Kóp nárseni úyrenemiz.
Barlıq iske tayar turğan,
Bar ğoy insanıylıq lebiz.

Mınaw turğan ustaxana,
Kereginniń bári tayın.
Soğa bilsin hárbir bala,
Sheber bolar kún sayın.

Oyınshıqlar kerek eken,
Men de sizlerdiń birińmen.
Sıyğa soğıp beriw kerek,
Oyınshıqtıń hár túrinen.

Men úkeme soğıp berdim,
Oyınshıqqa mashinanı.
Onıń quwanğanın kórdim,
Oynawğa dım asığadı.

Baqshadaǵı ballar ushın,
Oyınshıqlar soǵayıq.
Hámme de qossa úlesin,
Paydalı jumıs ılayıq.

Hámmege de tústi maqul,
Bul pikiri Sársenbaydıń.
Jastan shıqqan jaqsı aqıl,
Betin ashtı tereń oydıń.

* * *

Mine, búgin shıqqan eken,
«Jetkinshek» gazetası.
«Sársenbay — jas usta» degen,
Bir dostınıń maqalası.

Jazǵan eken usı sanǵa,
Sheberligin jas ustanıń.
Paydalı islerge bárha,
Jaqsı úles qosqanın.

Túsiripti súwretke de,
Taxta kesip atırǵanın.
Otırısın kóp taburetkada,
Ónerli jas batırlardıń.

Oqıwshılar oqıyıq dep,
Quwanısıp ǵawırlastı.
— Bizlerde sonday bolsaq dep,—
Boylarında jiger tastı.

— Súwretińdi kór Sársenbay, —
Dep bir bala jetip keldi,

Juwırıptı sirá tınbay,
Qattı-qattı shıǵar demi.

— Qayaqta ol?
— Gazetada.
Balalar oqıp atır,
Oqıdım házir jańa,
Klastaǵı, — depti, — batır.

Usı waqta payda boldı,
Kúshli sezim Sársenbayda.
Óner menen jeter qolı,
Aspandaǵı júzgen ayǵa.

* * *

Jarqırap tur baqsha jayı,
Kózge kórinedi nurlı.
Bári balalardıń payı,
Kóp oyınshıq kelip kirdi.

Tárbiyashı apay birden,
Sársenbaydı qushaqladı.
Soqqan oyınshıǵı menen,
Ráhátke endi janı.

— Mınaw arba, mınaw keme,
Mınaw qoyan, mınaw qoraz.
Doslarım kóp meniń ele,
Ákeledi úyrek hám ǵaz.

Dep Sársenbay aytıp edi,
Muǵallim de keldi jetip.
Kóp oyınshıq taǵı keldi,
Bir gójektiń tisi ketik.

Balalar tez kelip qaldı,
Júrgen jerlerinen oynap.
Oyınshıqtı qorshap aldı,
Berse ketejaq aydap.

Balalardıń quwanıshı,
Boldı Ámiw tasqınınday.
Ashıwlanıp: — «Sen-aq alshı»,
Dedi bir qız azsınǵanday.

Tárbiyashı apay Gúlim,
Ustalardıń qolın súydi:
— Toltırdıńlar mine búgin,
Oyınshıqqa biziń úydi.

Esittik shepke alǵanın,
Balalardıń baqshasın.
Qoyınında altın dáwrannıń,
Kórsin balalar tamashasın!

Quwanamız, qutlıqlaymız,
Bunday jaqsı baslamanı.
Óner bilseń — kún hám aysız,
Quwandırıp jas balanı.

Oyınshıqlar asar mıńnan,
Balalardıń baqshasında.
Biraz ǵana oynaǵannan,
Qızıǵadı basqasına.

Tárbiyashı apay kúlip,
Ustalarǵa ırza boldı.
Balalarǵa eńkeyip,
«Raxmet!» dep qıstı qolın.

* * *

Úkesin ertip qaytıwǵa,
Sársenbay kelse baqshaǵa,
Shad bolıp qosıq aytıwda,
Balalar kóp qanshama.

Paxtaday aq jas júrek,
Oyınǵa qumar talpınǵan,
— Oyınshıǵıń bar ma dep,
Balalar shıqtı aldınan.

Oyınshıq joq olarǵa,
Beretuǵın usınıp,
Kim oylaptı, sorar ma,
Qaldı az-maz qısınıp.

— Qaptalında mekteptiń,
Úlken ustaxana bar,
Soǵıw ushın kerektiń,
Hámmesi de tabılar.

Taǵı da qaytıp aylanıp,
Tórt-bes kúnnen kelemen,
Ushatuǵın aylanıp,
Samolyot soǵıp beremen.

Usı sózdi aytıp usta,
Jas balanıń kewilin taptı,
Bul wádesi ketpes bo sqa,
Júreginde tolqıp jattı.

Birazları ketpeydi,
Soǵıp ber dep maǵan da,

— Taxta degen kóp, máyli,
Bereyin soǵıp saǵan da.

— Júr qaytayıq úyge onda,
Dep úkesin qayttı alıp,
Úkesi de ayttı jolda:
— Maǵan da soq úyge barıp.

* * *

Balalardıń tileklerin,
Muǵallimge ayttı kelip:
— Onday bolsa soǵıp beriń,—
Ustasań ǵoy, sen, Ádilov.

Jas ustalar isine,
Muǵallim de aralastı.
Jolların salıp esine,
Ólshep, kesip, jondı aǵashtı.

Samolyottan basqa da,
Soqtı oyınshıq atlardı.
Bolsa da bular jas bala,
«Kóplegen qonaq atqardı».

Baqshadaǵı bergen wáde,
Keshikpedi, bárjay boldı,
— Soqqan samolyotıń, qáne?—
Kishkentaylar sozdı qoldı.

Bul baqshaǵa kelip turdı,
Oqıwshılar talay ret,
Jaqsı iske qádem urdı,
Basqa da kóp etti xızmet.

* * *

Kók shiyshedey gúz aspanı,
Qıyalıń da alǵa keter.
Keń jayılǵan dasturxanı,
Yosh tolqının payda eter.

Jutqan sayın jutqıń keler,
Hawasınan alaman dem.
Kóz juwırtıp salaman ser,
Saqıy gúzdiń qushaǵı keń.

Ósimliktiń japıraǵın,
Sarǵısh boyaw menen sırlap.
Átirapım gúz shapanın,
Jamılıw da eken urlap.

Kórinedi qarsı aldımda,
Paxta punkt — taw dizbegi.
Joldıń eki qaptalında,
Qutılar qaldı izdegi.

Salıp ketiw kerek eken,
Jolǵa túsken paxta bolsa.
Qaqpaǵı bar kútá bekkem,
Muqıyatlap soqqan sonsha.

Bunı soqqan qanday usta,
Ekenligin bilgim keldi.
Áwladlarǵa jaqsı nusqa,
Kóreyin dep buwdım beldi.

Jaqında ustaxananıń,
Usta menen ushırastım,

«Oń bolsın, mınaw talabıń»,
Dep quwanıp, shalqıp tastım.

Jol boyına qutılardı,
Soqqan kim ol, jańa taptım.
Dedim: — Ósir usı kárdi,
Perzentine batır xalıqtıń.

Jaqında ǵana qurıptı,
Stanok bar qaptalında.
Júdá ańsatlastırıptı,
Kesiw, tesiw taxtanıń da.

Jiger berer miynet palı,
Xalıq aldında júzi jarqın.
Degen sózdi ayttım taǵı,
«Ónerliniń qolı — altın».

Úyrenipti kóp ónerdi,
Bilip turman aytajaǵın,
Hámme nársege de serli,
Júreginde lawlap jalın.

— Ana-mektebim maǵan,
Kóp nárseni bilgizdi,
Ustaz degen ullı insan,
Ónerge siltedi bizdi.

Klastaǵı partalardıń,
Sınǵanların soqtım ózim,
Úyrendi kóbi ballardıń,
Mektepke bul járdem biziń.

Tek te meniń ózim emes,
Ustalıqtı bilip alǵan.

Nurjan, Qaljan hám Elemes,
Bul da sheber usta bolǵan.

Muǵallimim ayttı maǵan,
Ónerińde kemis joq dım.
Soqqanım kóp sanasam,
Quslarǵa da uya soqtım.

Basqasın da dúzetemen,
Dep Sársenbay maǵan qarap.
— Kóp maqtanıw bilemen men,
Adamzatqa uyat biraq.

Oynaqshıǵan úlken kózi,
Qaraǵanda shıdatpaydı.
Qara pareń edi júzi,
Keń jazıqlaw mańlayı.

Ushqır qıyal, alǵır zeyin,
Onı talpındırar alǵa.
Bir taxtanı qoyıp keyin,
Oń qolına aldı balǵa.

Bir samolyot soǵıp atır,
Ayǵa ushıp baraman dep.
Ushadı jas áwlad — batır,
Onnan joqarıǵa órlep.

## QASQÍRDÍŃ BÓLTIRIGI

Men awıllıq mekteptiń 8-klasında oqıyman. Ekshembi kúni bolǵanlıqtan azan menen atlı Nurımtúbektegi aǵayinimiz Nazar atamnıń úyine qıdırıp bardım. Olardıń amanlıǵın bilip kún awa ol jerden úyge qayttım.

«Quwanıshjarma» kanalın jaǵalap, atlı soqpaq penen júrip kiyatırman. Dógerek — dút toǵayllq. Táwiraq jol astım. Joldı tótelegim kelip, attıń basın adam izi túspegen shóplik arasına burdım. Qaptalımda erbeyip ósken toranǵıllar, jantaq, jıńǵıllar izde qalıp baratır.

Biraz jerge barǵanımda góne jap rashınıń eteginde ósip turǵan túyesińirdiń aldında eki-úsh janlı maqluqtıń sekirip oynap júrgenin kózim shaldı. Jaqınlap qarasam, bular tuwılǵanına bir yarım yamasa eki ayǵa shamalasıp qalǵan qasqırdıń bóltirikleri eken. Túri ovsharka iyttiń kúshiklerine usaǵan.

Men dárriw attı jıńǵılǵa baylap, er basınan at dorbanı qolıma aldım. Shóplerdiń arasın tasalap, olarǵa júdá jaqın keldim. Qolaylı payıttı tawıp shaqqanlıq etip, olarǵa birden boyımdı attım. Eki bóltirik uyasına kirip ketti. Qolıma birewi ilindi. Jelkesinen uslap at dorbaǵa saldım. Shıǵıp ketpesin dep, dorba awzın jip penen bayladım. Dorbanı at eriniń basına ildirdim. Atqa minip, alǵan baǵdarıma qaray júrip kettim.

Oyım — bóltirikti úyge aparıp saqlaw. Kewlim bir jağınan quwanıshqa tolsa, bir jağınan onı qalay saqlayman, dep te qorqaman.

Biraz jerlerge kelgende sharwashılıq xojalığınıń qoy-eshkilerin jaylawda bağıp júrgen Ádilbay ağağa ushırasıp qaldım. Men onıń menen sálemlesip bolıp, oğan qoy-eshkilerdiń jawı — qasqırdıń bóltirigin uyasınıń qasınan uslap alğanımdı, úyge aparıp saqlaytuğınımdı ayttım.

Sonda Ádilbay ağa kúlimsirep: — Balam, ele sada ekenseń. Qasqırdıń bóltirigi úyge asırawğa úyrenbeydi. Tez iziñe qaytıp, alğan jeriñe aparıp tasla. Bóltirik bóri bolmas deme. Anası bóltirigi ushın awqat izlep ketken. Ol uyasına kelip, bóltirigin joytadı. Bóltirigin alıp ketken adamnıń iyisin sezip, seniń úyiñe barıp, bóltirigin alıp ketedi. Bóltirigi ushın sennen kek aladı. Qoy-eshkilerińdi jaraqatlaydı. Ábzeli, tınısh qoymaydı, — dedi.

Men eglenbey, atlı kelgen izime qaytıp, ataqlı shopan Ádilbay ağanıń aytqanların orınladım.

## MÁLIM PÍSHÍQ

Men báhár kúnleriniń birinde bazardan on shóje satıp aldım. Olardıń kózleri jılt-jılt etedi. Párleri gúldey dónip tur. Qarasań sup-sulıw. Adam qızıqqanday. Sol waqıttıń ózinde turpatı jabayı kepterge jeteğaba bolıp qalğan. Shójelerdi temir torlı qutığa salıp, úyge alıp keldim.

Shójelerdi úy qaptalındağı burınnan soğılğan tawıq qorağa saldım. Qoranıń eki qaptalı samal ótip turıwı

ushın temir tor menen, tórgi hám esik beti temir qańıltır menen bántlengen. Qoranıń ishine eki aǵash kesesine qoylıǵan.

Shójeler qonaqlaǵanda qıymıldamawı ushın onıń túbi bekkem jip penen baylanǵan edi. Qoranıń esiginiń ashılıp, jabılatuǵın qańıltır temir qaqpaǵı bar.

Qoraǵa jiberilgen shójelerdi kórgen, mekteptiń 6-klasında oqıytuǵın Salamattıń quwanıshı qoynına sıymay júr. Ol:

— Shójelerge men qarayman. Waqtında dán salıp, suw beremen. Ara-arasında qolımnıń bos waqtında esik aldındaǵı kók shóplerge baǵaman. Sonda olar tez ósedi, — dep atır. Men oǵan:

— Júdá jaqsı, qaray ǵoy. Olar ósip úlkeyip, waqtı bolsa, saǵan máyek tuwıp beredi, — dedim kewilin xoshlap. Salamat sol waqıttıń ózinde shójelerge dán shashıp, kishkene awzı ashıq dóńgelek qańıltır qutıǵa suw toltırıp qoydı. Olardı qoraǵa úyrenissin dep úsh-tórt kúnge shekem sırtqa shıǵarmay saqladı.

Aradan bir háptedey waqıt ótti. Shójeler qoraǵa úyrenisti. Qoranıń esigin ashsań boldı, sırtqa shıǵadı. Kúndiz úydiń dógereginde jayılıp, keshte qorasına kirip, aǵashqa qonaqlaydı.

Bir kúni azanda qoranı aylanıp qarasam, onıń qaptalında bir shelek toltırǵanday ıǵallaw jas topıraqtıń úyilip atırǵanın kórdim. Ne bolǵan? Júregim suw ete qaldı. Qoranıń qapısı aman. Úńilip qarasam qora qaptalınıń jerge qaraǵan jaǵı qumǵan sıyǵanday bolıp ashılıp qalıptı. Qoraǵa bir jabayı jırtqıshtıń usı jerden qazıp ishke kirgenin sezdim.

Bul xabardı esitip, úyden qasıma kelgen Salamat ta qapalandı. Qoranıń qapısın ashıp, ishke kirdim. Shójelerdi sanasam birewi kemis shıqtı. Ishim iyt jırtqanday boldı. Shójeler qorqıp qalǵan ba, meni kórip tım-tırıs turdı. Olardıń ekewi ele aǵashqa qonaqlap otır eken. Jırtqısh shójeni qoranıń ishinde jegende onıń párleri qalar edi. Urı jırtqısh olay etpegen. Shójeniń birewin tislep, ózi qazıp kirgen tesikten sırtqa shıǵa qashqan.

Men sonda qoradan «oljasın» alıp máplengen bul jabayı jırtqısh búgin aqsham taǵı keler, degen oyda boldım.

Úyde polat serppeli úlken qaqpan bar edi. Sonı sol kúni keshte jırtqıshtıń ótken aqshamǵı qoranıń túbin qazǵan tesiginiń awzına jaqınlaw qurdım. Nabada jırtqısh qaqpanǵa túse ǵoysa, qaqpandı súyrep alıp ketpesin dep serppesiniń túbine temir shınjır ótkerip bayladım. Onıń bir ushın bir metrdey qashıqlaw jerge temir qazıq qaǵıp soǵan ildirdim.

Sol aqshamı ózim de awır jatarǵa shekem sergeklew jattım. Ornımnan azanda ertelew turdım. Qoradan xabar alıwǵa bardım. Názer salıp qarasam, qaqpanǵa úlken bir málim pıshıq artqı shep ayaqtan túsken eken. Qasına jaqınlasam, pısıldap maǵan aybat shegedi. Qashajaq bolıp tum-tusqa talpınadı.

Qoranıń shetin qazıp, ishke kirgen, bir shójeni alıp ketip jegen usı málim pıshıq ekenine kózim jetti. Qaqpanǵa túsken málim pıshıqtı kórsin, dep úyge barıp Salamattı da uyqısınan oyatıp qaqpannıń qasına ertip keldim.

Bul úy pıshıǵınıń jabayı túrine usaydı eken. Denesiniń uzınlıǵı 50—65 santimetrdey bar. Al, quyrıǵınıń uzınlıǵı 20—25 santimetrge shamalasadı. Sırtqı kórinisi sarǵısh, qara qońır, arqasında uzınına sozılǵan tarǵıl daqları bar. Júni óskin, qulaǵı kelte, ushı dóńgeleklew jalpaq. Ayaǵı qısqa juwanlaw eken.

Men málim pıshıqtı óltiriwge kózim qıymay, onı qaqpannan bosatıp jibergim keldi. Oǵan jaqınlasam, ısıldap maǵan taǵı da aybat shekti. Jırtqıshtıń meniń bet aldıma shapshıyjaq túri bar eken. Úy qaptalında quwrap qalǵan ushı ayır, uzın sırıqtı tawıp aldım. Sırıqtıń ushın málim pıshıqtıń alqımına basıp, onı qaqpannan bosatıwǵa múmkinshilik tuwdırajaq edim. Usılay islew ushın qaqpannıń serppesine jaqınladım.

Málim pıshıq sırıq penen urajaq dep qorıqtı ma, ol arman-berman julqınıp tartındı. Onıń ayaǵı shorta sınıp, qaqpanda tamırı ǵana ilinip tur eken. Men ayaǵım menen qaqpannıń serppesin bastım. Qaqpannıń qısqısh awzı ashıldı. Sonıń arasında málim pıshıq ayaǵın tartıp alıp, jaqın jerdegi shóplikke kirip kózden ǵayıp boldı.

Aradan eki hápte waqıt ótti. Salamat azanda úyden shıǵıp mektepke jollandı. Úyden alısıraqta awılǵa kelip turǵan elektr tok kúshin retlestirip turatuǵın transformator bar edi. Onıń sırtı kók reńli qańıltır menen qorshalǵan. Tórt múyeshli qorǵansha. Onı elektromontyor ashpasa, basqa heshkim ashpaydı.

Salamat jol menen usı transformatordıń qasınan ótip baratırsa, óziniń tawıq qorasına urlıqqa túsken málim pıshıqtıń yarım belinen tómengi jaǵı

transformatordıń shetinde sırtta jatırǵanın kóredi. Ol onı ayaǵınan tanıydı. Málim pıshıqtıń belinen joqarǵı bólegi transformator qorǵanshasınıń astında qazǵan tesiginiń ishinde qara kúyik bolıp jatır eken.

Málim pıshıq ash bolıp aqsham transformatordıń qasına kelgen. Qorǵanshanıń ishinde shóje yamasa tawıq bar dep ózinshe «pámlep» onıń astın aldıńǵı ayaǵı menen qazǵan. Sonıń arasında málim pıshıqtıń aldıńǵı ayaǵı yamasa bası altı mıńlıq voltqa tiyip, tok urıp kúyip ólgeni málim boldı. «Urlıqshınıń jolı hám ómiri qısqa» degen usı-dá!

## JÍLAN HÁM HÁKKE

Báhár pasılı kúnleriniń biri edi. Awıldıń shetireginde ósip turǵan torańǵıllardıń birewine hákke uya saldı. Uya quwraq tikenli shóplerden islengen. Onıń joqarısı, ultanı hám qaptalları qalıń pitew. Qaptalında hákkeniń ózi zorǵa kirip shıqqanday ǵana esigi bar. Uyaǵa qarasań bir dáste shóplikti bir orınǵa jıynap qoyǵanday kórinedi.

Men baratuǵın mánzilime usı torańǵıllardıń qasınan ótetuǵın kishkene ayaq soqpaq penen ketip baratır edim. Qaptalımdaǵı ósip turǵan torańǵılǵa qarasam uzınlıǵı bir metrge shamalas, bir sur jılan torańǵılǵa órmelep, uyaǵa jılısıp baratır eken. Men «uyada hákkeniń máyegi yamasa palapanı bar shıǵar, obal bolatuǵın boldı-aw», dep oyladım. Nede bolsa jılandı uyaǵa jetkermew ushın qolıma ilingendey zat izley basladım. Jılandı urayın desem, jerde jatqan tayaq yamasa qattı kesek maǵan tabılmadı.

Sonıń arasında bir hákke payda boldı. Ol torańǵıldıń bir shaqasına qondı. Hákke qorqınıshlı ses shıǵarıp shıqılıqladı. Hákke shıdamadı. Ushıp barıp uyaǵa jılıslap shamalasqan jawızdıń kózin ótkir tumsıǵı menen eki-úsh ret shoqıdı. Jılan uyanıń qasınan jerge sılq etip qulap tústi. Sonıń arasında uyada máyeklerin basıp jatırǵan hákkeniń jubayı da sırtqa shıqtı. Ol da jerde qamshıday búklenip jatırǵan jılannıń kózin shoqıdı.

Hákkeler birden ústi-ústine shıqılıqladı. Jerde ólip jatırǵan jılannıń tumsıǵın hákkeniń birewi, quyrıq betinen birewi tislep joqarıǵa kóterilip, qubla tárepke qaray ushıp ketti.

Usı waqıtta orıs jazıwshısı V.M.Garshinniń «Sayaxatshı baqa» dep atalǵan ertegi meniń yadıma tústi.

## PORSÍQ

Biziń úy Esimózektiń boyına jaylasqan. Úydiń batıs tárepinde, júz metrdey qashıqlıqta qanıp suw ishken bir qıytaq jer bar. Aǵam oǵan báhárde qarıq jarıp, shanaqlap, qawın tuqımın ekti. Tuqım qalıwsız kógerip shıqtı.

Men aǵamnıń aytıwı menen pálektiń túbin ketpenlep bosattım. Pálek kún sayın órkenlep ósti. Waqtında suwǵardım. Pálekler bir kúnleri gúllep, dáslep júweri gúrtiktiń qaramınday túynek sala basladı. Ol kem-kemnen ósip jalańayaqtay boldı.

Men kún ara qarıqlardı aralap, «Qawın qashan ernime tiyer eken?», — dep asıǵıp kútip júrdim. Dáslepki salǵanı pisse, toyıp jesem, dep árman ettim.

Aradan sanawlı kúnler ótti. Qawınlardıń aldı pisiwge shamalastı. Búgin-erteń awzımızǵa túsedi, degen oydaman.

— Qawın pisti me eken? — dep qarıq boylap júrsem, bir pálektiń túbinde jelingen sarı qawınnıń pállesin kórdim.

— Wax! Ekken iyesinen burın ne jep ketken eken? — dep ókindim. Bunnan sońǵı qarıqta da pisken, jelingen qawınnıń pállesine kózim tústi. Men úyge qaytıp kelip, bul hádiyseni aǵama bayan ettim. Ol:

— Saǵal yamasa porsıq jegen shıǵar. Onıń keler jolına qaqpan qurayıq, — dedi qıynalǵan túr bildirip.

Biziń úyde qos iyt bar. Birewiniń atı Mayqadan, ekinshisiniń atı Bóribasar. Ekewi de saq iytler. Úyge basqa jaqtan birew atlı yamasa piyada kiyatırsa, aldınan shabalanıp shıǵadı.

Ulıwma alǵanda, úydiń qorıqshısı. Kún uyasına batıp, ay kók jiyekten altın kesedey bolıp kórinip kiyatır. Quptan waqtında aǵam ekewimiz úydiń aldındaǵı otırǵıshta dem alıp otır edik. Bóribasardıń qawın atız bette arsıldap úrip turǵan dawısın esittik. Aǵam maǵan qarap:

— Qawınǵa urı kelgen joq pa? Iyttiń bul úrgeni tegin emes ǵoy! Barıp xabar alayıq, — dedi. Ornımızdan qozǵalıp, solay qarap adım attıq. Aǵam kerek bolar, dep esik aldındaǵı bastırmanıń ústinde jatırǵan shanıshqını qolına alıp shıqtı. Bóribasar bolsa, kiyatırǵan bizlerdi kórip, qawın atızdıń qaptalındaǵı ósip turǵan qalıń sheńgellikke qarap, burınǵıǵa qaraǵanda qattıraq úrdi.

— Iyt bir nárseni kórip tur. Bolmasa ózinen-ózi búytip úrmeydi, — dedi aǵam qádemin shaqqanlaw atıp. Qawın atızǵa jaqın keldik. Ay súttey jarıq bolsa da, kózimizge hesh nárse kórinbeydi. Aǵam qolındaǵı shanıshqı menen sheńgelliktiń araların tasırlattı. Sonıń arasında qalıń sheńgelliktiń arasınan ústi qalıń jún menen qaplanǵan, jıltıraǵan ótkir kózli, kelte tikireygen qulaǵı bar, tumsıǵınan tóbesine shekem qarıstay aq jolaqlı, kelte ayaqlı, ótkir tırnaqlı, bir maqluq sırtqa qashtı. Bóribasar bolsa onı kóriwden izinen jetip, tarpa bastı. Ekewi de birin-biri tislesip, bıǵırlasıp atır.

— Bul porsıq, — dedi aǵam. Qasına jaqınlama, ashıw menen tislep alar. Men keyin shegindim. Bul bıǵırlını esitip, úy betten Mayqadan da shawıp keldi. Ol kele sala porsıqtıń jelkesinen tisledi. Bóribasar ózine Mayqadan járdemge kelgen soń, qaptalǵa atılıp shıqtı. Porsıq onıń tumsıǵınan tislep, barmaqtıń basınday julıp tislep alıptı. Ornınan jerge qan tamshılap tur. Aǵam qolayın tawıp qolındaǵı shanıshqı menen jırtqıshtıń jawırınnan urdı.

Porsıq qashajaq bolıp julqınıp atır. Mayqadan sonda da tislegen jerin jazdırmay tur. Porsıq aqırında hálsirep talpınıwǵa shaması kelmedi. Mayqadan endi ótkir tisin onıń jelkesinen jazdırdı.

Aldınǵı aqshamı qawın atızdaǵı pisken eki qawındı da jegen usı porsıq eken. Bul aqshamǵı saparı tegin payda oǵan ájel ákeldi.

Bóribasardıń tumsıǵına dári jaqtıq. Ol jazılıp ketti. Tek tumsıǵında tırtıqtıń ornı qaldı.

## ÓPEPEK

Báhárdiń ashıq kúnleriniń biri edi. Men aǵamnıń tapsırması menen atızǵa júweri egip, onı suwǵarıwǵa kiristim. Qolıma bel alıp, salmanıń qulaǵın atızǵa qarattım. Salmanıń eki kanarın jalap aǵıp turǵan ılay suw atızǵa jayıla basladı.

Ózim atızdıń shetindegi saz ılaydan islengen dúmpeshiktiń ústinde dem alıp otırdım. Úyden meniń menen izime erip shıqqan Qutlıayaq iytim de awzın ashıp, qayıstıń enindey qızıl tilin shıǵarıp halıqlap qasımda jatır.

Bir waqıtta qaydan ushıp kelgeni belgisiz, atız shetinde ópepek payda boldı. Onıń tóbesinde jelpiwishtey sarǵısh pópegi, moynı, jelkesi, bawırı da sarǵısh, qanatı hám quyrıǵı kógis, tumsıǵı uzın qızǵısh túsli, aq qara párleri ózine jarasıp tur.

Ópepektiń eki kózi atızǵa tigiledi. Ol áste adım atıp, arman-berman shayqatılıp júrdi. Bir waqıtta onıń kózi jatqan inine suw tolǵanlıqtan sırtqa shıqqan ortan barmaqtay buzawbastı kórdi.

Ópepek «oljasın» tumsıǵı menen bir-eki shoqıp, awzına qısıp ala sala atızdan ushıp ketti. Onıń ushqanı tolqın tárizli edi.

Meniń qasımda jatırǵan Qutlıayaq bul qustıń ushqanın kóriwden úrip, onı quwıp ketti. Men bul ópepek tapqan «oljasın» qayaqqa aparar eken dep oǵan qarap turdım. Biziń bul atızdan eki júz metrdey qashıqlıqta, hár jerde úsh-tórt torańǵıl ósip turar edi. Ópepek sol torańǵıllardıń birewine ushıp bardı. Torańǵıldıń juwanlıǵı kelidey bar edi. Ópepek usı torańǵılǵa kelip, kózden tasa boldı.

Qutlıayaq bolsa onıń sońınan quwıp, jańağı torańğıldı bir aylandı. Torańğıldıń túbinde azğana irkildi de, meniń qasıma shapqılap jetip keldi. Sol waqıtta mende:

— Bunda ne sır bar eken? — degen qızığıwshılıq payda boldı. Men ornımnan qozğalıp, qolımdağı beldi turğan jerime shanıshtım. Adım atıp sol torańğılğa bardım. Qutlıayaq ta meniń izimnen erip júrdi. Esheyinde mennen ozıp aldımda shapqılap, hár putanıń túbin iyiskelep júretuğın iytim bul saparı olay etpedi.

Men torańğılğa kelip qarasam, jer betinen bir metrdey biyiklew qos judırıq sıyğanday gewek bar eken. Onıń ishinen sırtqa jağımsız iyis shığıp tur. Bul gewek quwıs ópepektiń uyası eken. Ópepek meniń bul jerge ayaq basqanımdı sezip setem aldı ma, uyasınan pır etip ushıp ketti. Men eńkeyip uyağa úńilsem onda ópepektiń úsh-tórt palapanı bar eken. Olar da qanat qomlap ushıwğa shamalasıp qalıptı. Palapanlar meni kórip, uyada buğıp jatır. Al, uyadan shıqqan jağımsız iyis murnımdı jarıp baratır. Men dárriw bet aldımdı keyinge burdım. Bul orınnan tez ketiwge asıqtım.

Tábiyatta ópepektiń ózine hám palapanlarına jaw kóp eken. Ol ózin hám palapanların qorğaw ushın ózindegi bezinen júda sasıq iyis bólıp shğaradı eken. Bul iyis uyadan da shığıp turadı. Ol — paydalı qus. Bağlar hám baw-bağsha eginleri ushın eń zıyanlı qońız, shegirtke, shayan, buzawbas usağan jánliklerdi jep awqat etedi. Sóytip, insanlarğa kóp payda keltiredi.

Balalar, bul qustı kórseńiz qorğań! Ónip-óssin!

## GÚMGÚM HÁM JÍLAN

Meniń aǵam Ústirttegi sharwashılıq xojalıǵınıń qoyların baǵadı. Men jazǵı demalıs kúnlerimde mektep oqıwshılarınıń lagerinde emes, aǵamnıń qasında bolıp, oǵan qolqanat bolǵandı táwir kórdim.

Bir kúni aǵam qoylardı maǵan tapsırdı. Qońsı awıldaǵı merekege ketti. Qoylar Ústirt keńisliklerinde erkin jayılıp júr. Men olardı sırttan baqladım. Dóńeslew jerge barıp otırdım. Qarsı aldımda jılan menen gúmgúmniń qıranpısh bolıp urısıp atırǵanın kórip qaldım. Olar bir-birinen qalısar emes. Ózleriniń jeytuǵın jemtigin bir-birinen qızǵanıp, soǵan talasıp atırǵan shıǵar, dep oyladım.

Gúmgúm jılannıń tumsıǵınan tislegisi keledi. Ol onnan qaymıǵıp tisletpeydi. Jılan awzın ashıp, tisiniń túbindegi bezinen záhárin qarsılasınıń denesine shashıp atır. Gúmgúm bolsa dógeregine jaltaqlap qaradı.

Jaqın aralıqta tarbayıp ósip turǵan, pisiwge shamalasqan, túri sarǵısh tartqan bir túp ádiraspanǵa zıtqıp bardı. Ol ádiraspanǵa tula boyın súykelep awnadı. Sóytip, záhárden qutılǵanday boldı. Gúmgúm taǵı da qaytıp keldi. Onıń menen «Sawash»tı dawam etti. Jılan oǵan taǵı da burınǵıday záhárin septi. Gúmgúm jáne de ádiraspanǵa zıtqıp bardı. Denesin súykedi. Onıń denesi záhárden tazalanıp, jılanǵa qaytıp keldi. Urıstı taǵı da dawam etti.

Men buǵan hayran qaldım. Ornımnan turdım. Jańaǵı ádiraspandı jerden tamırı menen qoparıp aldım. Onı qolıma uslap artıma jasırdım da bılayıraq barıp turdım.

Gúmgúm tağı da jılannan sıtılıp tezlik penen ádiraspan ósip turğan orınğa jetip keldi. Ádiraspan bul orında joq edi. Gúmgúm tum-tusına alaqlap qaradı. Azğana waqıttan soń ol qıymıldamastan jerde jattı. Bul ret jılannıń záhári onıń denesine tolıq ótken edi.

Men ádiraspandı jerden qoparğanıma, onı artıma jasırğanıma qattı ókindim.

## QURQÍLTAYDÍŃ UYASÍ

Báhár kúnleriniń biri edi. Hawa ashıq. Kók júzinde alaqanday bult joq. Tek ğana meniń tóbemnen qos qanatına zor berip bir topar jabayı kepterler awıl tárepke ushıp ótti. Kók jiyekten arqan boyı joqarı kóterilgen quyash gúmis kirpiklerinen keń álemge nur shashpaqta.

Awıl-aymaqtı hám onıń keń kósilgen jerlerin suw menen támiyinlep turğan «Abatjap» ılay suwğa tolıp tawlanıp ağıp tur. «Abatjap»tıń jağasında bir neshe túp qaratal, aqsókit, torańğıllar shaqa jayıp, kók japıraqqa bólenbekte.

Aqsókit pe, torańğıl ma, tereklerdiń qanday túri bolsa da ósip tursa jerge, elge bir ájayıp kórik beredi ğoy. Terekler — mıs qaynağan jaz aylarında insanğa kóleńke, qanatlı quslarğa qonıp otırıwğa, uya salıwğa qolaylı mákan.

«Abatjap»tıń eki átirapındağı atızlarda ótken jılı gúzde egilgen biydaylar attıń jalınday bolıp ósip tur. Biyday atızları kók lipas jamılğanday. Atız shetlerindegi boyı ortań barmaqtay san gúller ashılıp

aygabagardıń gúllep turganın kóz aldına elesletedi. Báhár pasılındagı ósip atırgan hár qıylı ósimliklerdiń, gúllerdiń iyisi janga jagıp, boyıńa ráhát bagıshlaydı.

Men mektepke barıw ushın kishkene ayaq soqpaq penen «Abatjap»tı jagalap júrip kiyatırman. Aqsókittiń túbinde jası on bir, on ekilerge shamalasıp qalgan eki balaga kózim tústi. Olar meni kóriwden:

— Assalawma áleykum, aga! — dep eki qolın sozdı.

— Wáleykum assalam, balalarım! Uzaq jasań! — dep olarga kewilim toldı. Men alga qaray jolımdı dawam etiw ushın qádemimdi ata bergenimde, balalardıń birewi magan bılay dedi:

— Aga, anaw aqsókittiń bir shaqasına qurqıltay uya salgan eken. Sol uyanı alıp kóreyik desek, astındagı agıp turgan suwdan bara almay turmız. Agashqa órmeleyik desek uya salgan shaqa, bizlerdi kótermeydi. Sol uyanı bizlerge alıp beriń.

Men irkilip aqsókittiń shaqasına názer saldım. Kishkene balalardıń qısta qolına kiyetugın qolgabınday qurqıltaydıń uyasına kózim tústi. Uya aqsókittiń uzınlaw shaqasına salıngan eken. Uya shaqada asılıp tur. Uyanıń kishkene awzı joqarı qaptalında tómen qarap tur. Men eki balanı qasıma jaqın shaqırdım:

— Aynalayın, qaraqlarım! Ekewińiz de ádepli, kórgenli, jaqsı balalar ekensiz. Mınaw turgan qurqıltaydıń uyasına tiymeń. Qurqıltay degen jaqsı qus. Adamga paydası bar da, záleli joq.

Uyasında palapanı bar shıgar, sol palapanına awqat ushın ekken eginlerge túsken hár túrli mayda qurtlardı, jánliklerdi tawıp aladı. Awzına tislep

uyadağı palapanına ákelip beredi. Sóytip, ol diyqanlarımızğa kóp payda keltiredi. Eginlerimiz zúráátli boladı. Kórmeysiz be astı ağıp turğan suw, terekke órmelep minseń shaqası sınıp, suwğa gúmbir-shambır bolasań. Ol ózine qolaylı orındı tawıp uya salğan. Palapanına samal-jawın ótpesin dep uyasın aq terektiń, qamıstıń úpildirik túklerin tawıp sheberlik penen bekkem etip salğan.

Burıńğı waqıtta bir danıshpannan birew: «Quday sheber me, qurqıltay sheber me?» — dep sorağan eken. Sonda danıshpan: — «Qurqıltay sheber» — dep juwap beripti. Sizlerdi de ata-anańız tuwılğannan baslap palapanına ğamxor bolğan qurqıltayday álpeshlep ósirgen. Ózleri iship-jemese de, tapqanın sizlerdin awzıńızğa salğan. Sonıń arqasında búgingi kúni usınday bala bolıp ósip atırsız. Qurqıltaydıń uyasına qol tiygizbeń. Oğan ğamxorlıq etiń. Ol qus júdá az qaldı. Ósip, kóbeysin!

Balalar meniń aytqan gáplerimdi dıqqat qoyıp tıńladı.

— Olay bolsa, qurqıltaydıń uyasına qol sozbaymız. Bizler bul jerden ketemiz, — dep orınlarınan qozğaldı.

## TASBAQANÍ SATÍP ALDÍM

Báhár pasılınıń quyashlı kúnleriniń biri edi. Úlken gúzar jol menen qaladan «Qumawıl»dağı úyime kiyatirman. Joldıń shetinde úsh-tórt oqıwshı balalardıń bir nársege úńilip otırğanın kórip qaldım. Olardıń arasınan qara-páreńnen kelgen, adıraq kózli,

estiyarlı bir balanıń dawısı basqalarına salıstırǵanda qattıraq shıǵadı.

Men «Bular nege tartısıp atır eken?» degen oy menen balalardıń qasına jaqınladım. Olar meni kórip tım-tırıs boldı. Balalardıń ortasında ústi ala shubar, kókshil túsli bir tasbaqa tur. Ol júdá úlken de, kishi de emes edi. Onıń arqasına balalar kólemi judırıqtay kók tastı da qoyǵan eken. Jarıqlıq, tasbaqa tamashalap otırǵan balalardan qorıqqanınan tumsıǵın ishine tartıp, ayaqların bawırına basıp alǵan.

Men balalarǵa qarap:

— Ne eken desem, tasbaqa eken ǵoy. Bunı tawıp alǵan jeríńizge aparıp jiberiń. Muǵallimińiz haywanlarǵa, quslarǵa ǵamxorlıq etiń dep aytpadı ma? Obal boladı ǵoy. Qısı menen jer astında, uyqıda jatıp, jer betine jańa shıqqanda onı sizler azaplamań. Óz ayaǵı menen erkin júrsin! — dedim. Balalar úndemedi. Balalardıń birewi maǵan qarap:

— Bul tasbaqanı men awıl shetindegi qum etegindegi jantaqlıqtıń arasınan tawıp aldım. Esbolǵa satajaqpan. Ol mennen tasbaqanı arzan soraydı— dedi kewlindegisin aqtarıp.

Men tasbaqanı ayap, onı tawıp alǵan balaǵa:

— Tasbaqanı maǵan sat. Maǵan kerek edi. Pulın bereyin, — dedim. Ol bala buǵan qayıl bolıp kúlimsiredi. Men balaǵa aytqan pulın qaltamnan shıǵarıp berdim. Men tasbaqanı qolıma uslap awılǵa qayttım. Onı awıldıń shetindegi qumlıqtıń etegine aparıp jiberdim.

## KIYIKLER

Meniń úyim Ústirttiń eteginde jaylasqan. Ata-anam sharwa bolǵanlıqtan qoylardıń jayılımı ushın awıldan ereklew irge basqan. Men oqıytuǵın mektep shoq awıldıń qaq ortasında. Mektep penen bizin úydiń arası táwir-aq jer bar.

Qıs ayı bolǵanlıqtan jer beti aq kórpe jamılıp jatır. Mekteptegi sabaq pitip, hámme oqıwshılar óz úylerimizge dağıstıq. Men de úyge aparatuǵın jolǵa tústim. Azǵana júrgennen soń izimnen bir mashina jetti. Qarasam onıń kabinası bos eken. Men jol shetinde turıp, shofyorǵa qol kóterdim. Ol da tusıma kelip, shúyik etip toqtadı. Men shofyorǵa:

— Ústirt eteginde túsip qalaman. Alıp ketiń, aǵa? — dep ótinish ettim.

Shofyor: — Mine ǵoy balam, jolda túsip qa'adı ekensen, — dep onıń kewline jaqsılıq endi. Mashina áste júrip kiyatır. Bir jerlerge kelgende onlaǵan kiyikler uzaqtan kóz aldımızda kórindi.

Kiyikler mashinanıń dawısın esitti me yamasa qarasın kórdi me, jol menen aldına qaray tuyaqlarına zor berdi. Aydawshı mashinanıń tezligin arttırdı. Men aydawshıǵa qarap:

— Mashinanı qattı aydadıńız ǵoy aǵa, kiyiklerdi jaqınnan kórgińiz keldi me? — dedim.

Shofyor:

— Joq, olay emes. Olardıń izinen jetip, mashinaǵa bastırıp óltiremen. Góshi úydegi bala-shaǵama awqat

boladı. Góshtiń qımbat ekenin bileseń be óziń? – dedi dawısın qattıraq shıǵarıp.

Men sonda aydawshınıń jaman qıyalǵa ketkenin sezdim de: — Aǵajan, olardı mashinaǵa bastırıp óltirmeń. Obal boladı. Kiyikler sup-sulıw eken. Kózleri gáwharday, qulaqları qayshıday eken. Olar dalalıqtan jegendey shóp tabalmay etekke, awıldı panalap kiyatırǵan shıǵar. Kiyikler Ústirttiń kórki hám ónip ósetuǵın baylıǵımız ǵoy. Olardı óltirmeń, aǵajan! — dep jalındım.

Menıń bul sózime aydawshınıń júrek-bawırı eljiredi, mashınanıń tezligin páseytti. Men de sonıń arasında úydiń tusına kelip qalǵan ekenmen. Mashinadan túspim. Aydawshıǵa qarap:

— Raxmet, sizge, aǵa. Ústirttiń erkesi — kiyiklerdi ájel tırnaǵınan qutqardıńız. Usınday mehribanlıq sizge bárhama joldas bolǵay! — dedim. Aydawshı mashina kabinasınan basın shıǵarıp:

— Óltirmeymen! — dedi. Sonıń arasında kiyikler de alǵa taman qustay ushıp, olardıń qarası bizlerden ádewir alısladı.

## QARAQULAQ

Tuwılıp ósken mákanım sharwashılıqqa qolaylı. Batıs tárepi Ústirttiń etegine tireledi. Shıǵıs tárepi qalıń qamıs ósken kólatlıq. Onıń átirapındaǵı qumshawıtlı orınlarda hár jerde ebeteysiz qıysıq ósken torańǵıllardı ushıratıwǵa boladı. Olardıń aralarında jıńǵıl, jantaq, sheńgel hám basqa da ósimlikler ósedi. Kókózek aǵıp tur.

Tuwılǵan mákanım kózime totiyaday kórinedi. Anamday seziledi maǵan. Báhárdiń janǵa jaǵımlı jipek samalı esip, júzińdi jelpiydi. Quyash kókten jer betine nurın tókpekte. Quyash nurınan quwat alıp, tamırına jan engen kókshópler ǵalaba ósip shıǵıp, jer betin kók lipasqa bólemekte. Meniń aǵam qolına tayaq uslap, fermanıń bir otar qoyların baqqanına kóp jıllardıń maydanı boldı. Oǵan bul átiraptıń oylı-shuqırı, ósken ósimlikleri, haywanat-qusları bes barmaqtay belgili.

Aǵam hár kúni azan menen qoradan qoyların shıǵarıp, izine Qutlıayaq iytin ertip otlaqlı orınlarǵa baǵadı. Qoylardıń qozıları, eshkilerdiń ılaqları anasınan bólek qoralarda baǵıladı. Olar ele kishkentay. Analarınıń qarınan jaqtı dúnyaǵa shıqqanına ele eki ay bolǵan joq. Sonda da qozı-ılaqlar qora ishinde qulaqları salp-salp etip sekirip oynaydı. Kózleri qaramıqtay. Júnleri quyash nurında jalt-jult etedi.

Qozı-ılaqlardıń erni kókke tiysin, keń jazıqta oynasın dep olardı qoradan sırtqa shıǵardım. Qozı-ılaqlar jer betine shójeniń tumsıǵınday qıltıyısıp shıǵıp kiyatırǵan kók shóplerdi jalmap, dámin tatpaqta.

Men qolıma tayaq alıp olardı esik aldındaǵı ajırıqlı sayǵa qaray aydadım. Olar burın jayılıp úyrenbegenge me óz erki menen júre qoymadı. Tayaq penen áste aydadım, úyden qolıma oqıw ushın «Ádebiy oqıw» kitabımdı da ala shıqtım. Ondaǵı oyım waqıttı bosqa ótkermew edi.

Qozı-ılaqlardıń birazı say ishine jayılıp otlay basladı. Geyparaları jarqabaqlaw jerden tómende

sekirip oynap atır. Men de dóńeslew (orındı) jerdi tawıp alıp, kitap oqıp otırdım.

Bir waqıtta qozı-ılaqlar bir nárseden úrkip, serpilip, keyin qaray qasha basladı. Men «bularǵa ne boldı?» degen oy menen dárriw ornımnan turdım hám solay qaray juwırdım. Qarasam qozı-ılaqlardı quwıp júrgen qaraqulaq eken. Murtı, qulaǵınıń ushında shashaqlanǵan júnleri hárriyip tur. Júni sarǵıshlaw. Qulaǵınıń joqarǵı jaǵı qara. Xalıq onı qaraqulaq dep ataǵanı durıs eken. Tamaǵınıń hám bawırınıń astı aqshıl reńde. Denesiniń uznlıǵı bir metrge shamalasadı. Úy pıshıǵına usaǵan. Biraq, onnan anaǵurlım iri eken.

Qaraqulaq meni kóriwden qashıp, putalardıń arasına kirip, kózime kórinbedi. Men onı qolımdaǵı tayaq penen urıp, silesin qatırayın dep edim. Bul oyım bolmadı. Sonıń arasında qozı-ılaqlarım dúrkirep shapqılap, úy betke qaray hayt qoydı. Men de olardıń izinen úyge qayttım.

Keshte aǵam jaylawdan qoyların baǵıp úyge keldi. Men oǵan búgingi bolǵan hádiyseni aytıp berdim. Sonda aǵam maǵan bılay dedi.

— Qaraqulaq — jırtqısh haywan. Ol kóbinese qumlı shól jerlerde, toǵaylıqlarda jasaydı. Qoyan, shımshıq, tıshqan usaǵan kemiriwshilerdi tutıp jeydi. Olardı taba almasa kiyiklerdiń, qoy-eshkilerdiń ılaqlarına topıladı. Sol qaraqulaq, ash bolıp seniń baǵıp júrgen qozı-ılaqlarıńa topılǵan ǵoy. Qozı-ılaqlarıń aman eken. Aldaǵı waqıtlarda qozı-ılaqlardı baqqanda abaylı bol!

## DÁWSEBEN

Meniń úyim Nurımtúbek dep atalatuǵın payızlı mákanǵa jaylasqan. Bul orın qalın toǵaylıq bolıp, onda hár túrli quslar, haywanatlar ósip-óngen. Tábiyatqa sulıwlıq endirgen. Burın «Quwanıshjarma» kanalı toǵaylıqtı aylanıńqırap aqqan. Qoltıqta toǵaylıq túbektey bolıp qalǵan. Sol orında bir bardamlı Nurım degen adam jasap, ómir súrgen. Usı túbek sońǵılıqta usı adamnıń ismi menen atalıp ketken. Nurımtúbekti qaq jarıp, «Quwanıshjarma» kanalı esilip aǵadı. Onıń eki boyında jiyde, torańǵıl hám basqa da aǵashlar ósip tur. Kanaldıń kúnshıǵıs jaǵı uzınnan-uzaq sozılıp jatırǵan qumlıq. Janǵa jaǵımlı báhár kúnleriniń biri edi. Kók júzinde sabawdan shıqqan bir qushaq paxtaday bult qalqıp júzbekte. Kókte quyash gúmis zerendey bolıp, dógerek-átirapqa saqıylıq penen nur tógip tur. Kókiregińdi kerip báhár hawasın jutqan sayın jutqıń keledi. Meni úyimizdiń qorıqshısı bolǵan Bóribasardı qasıma ertip, soqpaqqa tústim. Niyetim biziń úyden eki at shaptırımday qashıqlıqta turatuǵın Turdımurat ámekiniń úyine barıw. Ol usı Nurımtúbekte kóp jıllar bajban bolıp xızmet etken adam. Húrmetli demalısqa shıqqanına eki jıl boldı. Men onıń úyine tez-tez barıp, jası úlkenge sálem berip turaman. Úyden shıqqan soqpaq meni Marqaózektiń kópirine ákeledi. Bul ózek burın «Quwanıshjarma» kanalınan saǵa alǵan. Ózek kók suwǵa tolı. Onıń eki jaǵasında jas qamıslar ósip tur. Olardıń arasında ótken jılǵıdan qalǵan adam boyınday quwraq qamıslardı da

ushıratıwǵa boladı. Átirapta hár jerde jantaq, jıńǵıl, aqbas, shaqaları erbeyip ósken torańǵıllar da kóp. Bul ósimliklerge de jan enip, jasıl túske dónbekte.

Men Marqaózek kópirinen ótip, onıń rashınıń etegi menen júrip kiyatırman. Iytim aldımdaǵı putalıqlardıń túbin tumsıǵı menen iyiskelep júr. Men tısırlaǵan jaqqa jalt qaradım. Bir dáwseben qoyannıń sur gójegin quwıp kiyatır. Gójekke rehimim kelip, Bóribasarǵa:

—Hás! Hás! — dep baqırdım. Íyt meniń dawısımdı esite sala qasıma shapqılap keldi. Ol dáwsebendi kórip, onıń izinen quwıp ketti. Iyt dáwsebendi pıshıq dese itimal. Onıń burınnan kózine pıshıq kórinse jini edi. Úy átirapına pıshıq tuqımın jolatpaydı.

Sonıń arasında qoyannıń gójegi de putalıqlardıń arasına kirip, kózden ǵayıp boldı. Dáwsebenniń janı tatlı eken. Iytten qashıp Marqaózektiń rashına mindi de, ózektegi suwdan júzip ótip, arǵı jaǵaǵa shıqtı. Bóribasar bolsa onıń izinen ele qalar emes.

Ol da ózektegi suwdan júzip ótip, arǵı jaǵaǵa shıqtı. Iyt onı ele quwıp baratır.

Men de ózek rashınıń basına juwırıp shıqtım. Dáwseben menen Bóribasardıń arası eki metrdey qaldı. Sonıń arasında dáwseben aldındaǵı gez kelip qalǵan torańǵılǵa órmelep mindi de ketti. Jerde qalǵan Bóribasar onı tutıp tislep almaǵanına ókingendey túr bildirdi. Qańsılap torańǵıldı tırnay basladı. Dáwseben torańǵıldıń joqarǵı shaqasına shekem órmelep minip aldı. Onıń kózi uyasınan shıqqanday boldı. Ol tómenge — iytke qayta-qayta qaray berdi.

Burın awıl adamlarınan, shopanlardıń toǵayda dáwseben bar, onı kóz benen kórdik, degen sózlerin esitken edim. Onıń awqatı: tıshqan, quslar, qırǵawıl, buldırıq, kesirtkeler eken. Dawısı da úy pıshıǵınıń dawısına usas, tırnaǵı ótkir. Men dáwsebendi bul ret jaqınnan anıq kórdim. Ol úy pıshıǵına usas, onnan ádewir úlken eken. Denesiniń uznlıǵı eliw-jetpis santimetrdey. Quyrıǵı qara, kese jolaq sızıǵı bar hám jińishkelew. Bawırınıń astı hám tóbesinde mayda qońır daǵı bar. Jawırınında hár jerde tiyinniń kólemindey qaraltım daǵı bar eken. Júni sarǵısh-gúńgirtlew.

Men Bóribasardı qasıma shaqırıp aldım. Baratırǵan mákanıma qaray jolǵa tústim. Men qoyannıń gójegin jırtqıshtan qutqarıp alǵanıma qattı quwandım.

## KEPTER ÁJEL TÍRNAǴÍNAN QALAY QUTÍLDÍ?

Men sharwa shańaraǵında óstim. Qashan bolsa da sharwaǵa qolaylı mákan kerek ǵoy. Terekli awıldan Qızılqumnıń etegine qonıs awdarǵanımızǵa eki ayǵa shamalasıp qaldı. Dalalıqqa tigilgen qara úyimiz alıstan qarasań úlken noqattay bolıp kórinedi. Onıń qaptalında kózgenekli temir tordan islengen qoy qora. Oǵan sıbaylas qozı qora bar.

Dala tábiyatı awıl-qalaǵa qaraǵanda júdá ózgeshe. Kók jiyekten qırmızı túske malınıp tawlanıp kóterilgen quyashtıń shashıraǵan gúmis nurları hámmeden burın qara úydiń shıǵısqa qaraǵan Qızılqumnıń tórinen túńligine, basqurına túsip turadı.

esken jumsaq samal janıńa ráhát bağıshlağanday. Dalanıń taza hawasın kókiregińdi kerip jutqan sayın jutqıń keledi. Sonda ózińdi júdá jeńil sezeseń. Boyıńa kúsh-quwat endirgendey boladı.

Báhárgi jawğan jawın menen Qızılqum shomılğanday. Qumdağı mayda ósimliklerdiń tamırına jan enip, qum beti kógis dónbekte. Xalqımızdıń sahra ormanları dep atalğan, hár jerde ósip turğan seksewiller qızğısh, aq, sarı gúllerge búrkengen. Hár orındağı biyik tóbeshiklerdiń basına shığıp qarasań alıstağı Qaratawdıń kógis dumanğa orańğan dizbekli jotaları zorğa-zorğa buldırap kórinedi. Qarap tursań Qızılqumnıń úshı-qıyrı joqtay. Tolqınlanğan espe qumlar keń kósilip sozılıp jatır.

Meniń ağam Bóribasar dep atalğan kók iytin izine ertip, usı Qızılqum qushağında kúni menen qoy bağıp júredi. Aspan ashıq. Túski mezgil edi. Qara úyde shańaraq ağzaları menen shay iship otırdıq. Kún ıssı bolğanlıqtan qara úydiń esigin ashıp qoydıq.

Qápelimde esikten ishke ılaqtırılğan toptay bolıp bir kepter ushıp kirdi. Ol úy ishin bir aylanıp ushıp qonıwğa qolaylı orın izledi. Aqırında úydiń qaptalında arshanıń ústine jıynap qoylığan kórpe-tósekke qonıp otırdı. Qızlardıń moynına tağatuğın monshağınday qızğısh kózi tez-tez jıpılıqlaydı. Kepterdiń háreketinde, kózinde bir qáwipli nárseden qorıqqanlıqtıń nıshanları bar edi.

Men kepterdiń qashıp úyge tığılğanına hayran qalıp, esikten sırtqa shıqtım. Dógerekke názer tasladım. Qara úydiń sırtqı tóbesindegi aspan keńisliginde bir qara búrkittiń qanatın jayıp pál-

pállep ushıp júrgenin kórdim. Kók júzinde toparınan bóleklenip qalǵan bul kepterdi hawada ushıp júrgen búrkit kórip, ózine jemtik ushın izinen quwǵan eken. Qashanda jan tatlı ǵoy. Jarıqlıq, kepter keń dalada, taqırlıqta panalawǵa tesik tappay, biziń úyge esikten ózin atqan eken. Men búrkitke qarap turdım. Ol bul átiraptan alıslap ushıp ketkennen soń kepterdi úyden sırtqa shıǵarıp jiberdim.

## QUTQARÍW

Men Sultan menen bir klasta oqıyman. Úylerimiz de jaqın, qońsı turamız. Onıń qorazınıń shaqırǵan dawısı biziń úydegi adamlarǵa anıq esitiledi. Oqıw jılınıń baslanǵanına eki hápte boldı. Salı atızlarınıń arjaǵındaǵı awıldıń ortasındaǵı ájjedey appaq mektebimiz alıstan kózge kórinedi.

Azan menen kitap salǵan sumkalarımızdı iynimizge asınıp mektepke kiyatırmız. Mektepke aparatuǵın jol burıwlaw edi. Mektep penen úylerdiń arası salı atızları. Joldı tótelep, salı atızları sheliniń bası menen alǵa qádem tasladıq. Jazı menen saqıy quyashtıń nurın emip ósken el baylıǵı «sarı altın»lar tolıq dán baylaǵan. Ol qırmızı basların tómen iyip ana jerge, ósirgen salıkeshlerge tájim etip turǵanday.

Bizlerden setem aldı ma, qaptalımızdaǵı salı atızınıń shetinen bir qasqaldaq zorǵa kóterilip ushtı. Men Sultanǵa:

— Mına qasqaldaqtıń bul jerge ushıp kelgeni hám ushqanı tegin emes. Ol balıq, shabaq bar jerge keledi. Onıń awqatı — shabaq. Qasqaldaqtıń ushqan

ornın barıp kóreyik, — dedim. Ol da meniń bul gápimdi maqul kórdi.

Atız shelinin basi menen qasqaldaq kóterilgen jerge bardıq. Salı dánge qarağannan-aq, atızlardıń qulağı baylanğan. Atızdıń shuqırlaw jerinde suw jıynalıp qalğan eken. Suwdı ılaylap mayda sazan, belomor, taban balıqlardıń shabaqları sarğısh quyrıq hám qaptal qalashların qağıp, arman-berman tınımsız júzip júr. Shabaqlardıń júzgenine qızığıp· azğana turdıq. Kóbirek tura beriwge sabaqtan keshigip qalatuğın boldıq.

Sheldiń bası menen júrip mektepke aparatuğın jolğa tústik. Ekewimiz jolda kiyatırıp, shabaqlardıń ğamın oyladıq.

— Bes-altı kúnnen soń shuqırdıń suwı tartılıp, shabaqlar qırılıp qaladı. Obalın aytsa! Soğan shekem de olar quslarğa jemtik bolatuğın boldı-aw! — dep ókinish bıldirdi Sultan jolda kiyatırıp.

— Aytqanıń durıs,— dedim men. — Bul shabaqlardıń jolı ańsat. Búgin sabaqtan soń balıq xojalığınıń basshısına xabar bereyik. Olardıń salı atızındağı bul shabaqlardan xabarı joq. Xojalıq ağzalarınıń, balıqshılardıń usınday shabaqlardı ósirip atırğan kishkene kóli bar. Olar bul shabaqlardı alıp, sol kólge jetkeredi. Qoldan jem beredi.

Sol kúni mekteptegi sabaq pitti. Oqıwshılar toparlasıp mektepten shıqtı. Hár qaysısı hár jaqqa úylerine dağıstı.

Sultan menen ekewimiz úylerimizge kelip awqatlandıq. Oyımızda salı atızndağı shabaqlar boldı. Bunnan soń úylerimizden sál qashıqlawdağı balıq

xojalığının imaratına bardıq. Xojalıq basshısı otırğan bólmege ruqsat sorap kirdik. Xojalıq basshısı orta jasqa barıp qalğan, sarı sınlı, at jaqlı, arıqlawdan kelgen, qısıq kózli kisi eken. Ol bizlerdi kóriwden:

— Keliń, biziń keleshegimiz bolğan, balalarım!— dep bizlerge orınlıq usındı. Oğan awılımızdağı suwı tartılıp qalğan salı atızındağı shuqırdağı kóp mayda shabaqlardıń tágdirin bayan ettik. Basshı sál kúlimsirep:

— Bul xabarlarnıń ushın sizlerge raxmet. Házirden baslap ol shabaqlardı ólimnen aman alıp qalamız. Shabaqlardı qutqarıwğa, arnawlı mashina, adamlar jiberemiz,— dedi bizlerge jıllı júzlilik penen qarap. Sonıń arasında usınday shabaqlardı tasıp júrgen, eki adamı bar arnawlı mashina imarat aldında tayın boldı. Xojalıqtıń basshısı da bizler menen atız basına baratuğın boldı.

Shabaqlardıń ornın olarğa kórsetiw ushın Sultan menen ekewimiz basshınıń «Volga» mashinasına otırdıq. Olarğa shabağı bar salı atızdıń shuqır jerin kórsettik. Shabaq tasıytuğın eki balıqshı qollarına sheleklerin alıp iske kirisip ketti. Mashina kuzovtıń hesh jerinde suw aqqanday tesik joq eken. Bizler de qarap turmadıq. Balıqshlılarğa qolqanat boldıq. Qaptaldağı salı atızınıń shuqırında usınday muğdardağı shabaqlar tabılıp, olar da mashinağa salındı.

Sol kuni mıńlağan tiri shabaqlar kólge ákelinip jiberildi. Búgingi shıpırlağan shabaqlar erteńgi kúni úlkeyip, xalqımızdıń ırısqı-nesiybesi boladı. Sonsha shabaqlardıń ólmey tiri qalğanına bizler quwandıq. Al, balıqshılardıń quwanıshı bizlerden de beter edi.

Balıq xojalığınıń jámaáti bizlerge hám klasımızdağı oqıw sabaqlığı joq oqıwshılarğa kitap dúkanınan sabaqlıq satıp alıp, ákelip berdi.

Bul sabaqlıqlar bizlerge úlken ruwxıy baylıq boldı.

## DOŃÍZ TORAYLARÍN SUWDAN QALAY ÓTKERDI?

Sentyabr ayınıń orta máhálleri edi. Men mekteptegi sabağımnan shığıp úyge qaytıp kiyatır edim. Jolımdağı Qoybaq kanalınıń biyik kópiriniń ústine kelgenimde qubla bettegi toğaylıqtan mıltıqtıń «tars» etip atılğan dawısı esitildi. Ań-tańım shığıp, tum-tusqa qarap turdım. Mıltıqtan oq úzgen awıldağı Úsen eken. Ol jigildik, jiydelerdi jewge kelgen bir qırğawıldı atıptı. Onıń atqan oğı tiymey, alısqa hawalap ushıp baratırğan qırğawıldıń sońınan qarap tur.

Sonıń arasında qalıń túyesińirdiń astınan izine úsh-tórt torayın ertken ana dońız shığıp, Qoybaqtıń rashına qaray shapqılap ketti. Torayları qońır túslı, gúrji kúshikke usağan eken. Ana dońız kanaldıń rashınan suwdıń jağasına keldi de, suwı azayğan kanaldan arğı jagağa júzip ótti. Torayları jağada suwdan óte almay qorqıp irkilip qaldı.

Ana dońız arğı jağadan bergi jağağa ótip, toraylarınıń moynınan tislep, birinen son birin arğı jağağa ılaqtırdı. Sóytip, kanaldan sırtqa shığıp torayların izine ertip, toğay arasına kirip kózden tasalandı.

Jer betine kiyizdey bolıp ajırıqlar tóselip atır. Shetirektegi búktiń astınan toraylardıń atası birden zońq etip shıqtı. Ol ózine júz metrdey jerde qolına

mıltığın uslap turǵan Úsendi kórdi de, oǵan qarap umtıldı. Jan tatlı eken. Úsen qolındaǵı mıltığın jerge taslay sala sol jerdegi shaqalanıp ósip turǵan torańǵılǵa qaray juwırdı. Ol dońızdıń túrin jaman kórdi me, torańǵılǵa órmelep minip janın saqladı. Dońız awzınıń eki qaptalındaǵı eki qarıstay, ushı súyirlewden kelgen paznaday ótkir azıwı anıq kórinip tur.

Dońız gúrkildewi menen Úsen mingen biyik ósken torańǵıldı eki ret aylandı. Terekti ońmeni menen ári-beri iyterdi. Terektiń tamırı bekkem eken, qulay qoymadı. Dońız kóp irkilmedi. Toraylarınıń ketken jaǵına qaray shapqılap ketti. Ol da Qoybaqtan júzip ótip, toraylarınıń anası ketken toǵaylıqqa kirip ketti.

Men bunıń bárin kópirdiń ústinde turıp kórip turdım. Men Úsen mingen terektiń qasına kelip:

— Endi saǵan qáwip joq. Jerge tús. Dońız kanaldan arman ótip ketti, — dedim. Ol solay isledi. Úsen qorqıp qalǵan ba, haplıǵıp;

— Men anaw túyesińir búrkengen búktiń astında dońızlardıń torayları menen jatırǵanın bilmedim. Eger, mınaw ósip turǵan biyik torańǵıl bolmaǵanda dońız meni jarıp óltirer edi. Men bul jerge qırǵawıl atıwǵa kelgen edim, — dedi de ózi taslaǵan jerden mıltığın qolına aldı.

Ekewimiz awılǵa qaray jolǵa tústik.

## QAWÍNNIŃ SHIRESI

Bul waqıya sentyabr aylarınıń baslarında boldı. Seytmurttıń Qaniyaz degen kiside bir qıstawlı jumısı bolıp, soǵan barmaqshı bolǵanında balası Aytbay: «Aǵa, men de seniń menen birge barayın» dep, ol

da ere shıqqan edi. Bul waqıtlar Qayniyazdıń úyi boz jerge ekken gúz qawınının basında edi. Qawın genjelew ekse de, pálek jayıp, túynegi jalańayaqtay bolıwǵa shamalasqannan aq qawınnıń basına kóship bardı.

Seytmurat shaqqanıraq júrip kiyatır. Onıń izinde Aytbay da aǵasına az-maz jetip júrse de keyinlep qaladı. Ara-arasında juwırıp-juwırıp aǵasınıń izine jetip aladı. Seytmurat balası menen baratuǵın jerine jaqınlaǵanda, Qaniyaz qawının qarıqpa-qarıq aralap júrgen edi.

Balası menen kiyatırǵan Seytmurattı alısıraqtan kórgen Qaniyaz qawın atızınan dárriw sırtqa shıǵa keldi. Seytmurat Qaniyazǵa jolıǵıp, amanlasıp, kelgen jumısların aytıp atırǵan waqıtta Aytbay qolına kese alıp, jantaqtıń túbinen tısır etip qashqan kesirtkeni quwǵan sıyaqlı bolıp qawın qarıqqa jaqınladı. Ol pálektiń arasına jalt-jalt qaradı. Onıń kózine jańa ǵana tor bolıp kiyatırǵan qawın kórindi. Bunnan armanıraqta úlkenligi futbol tobınday qawınlar teńkeyip atır. Bulardıń bári Aytbaydıń kózin qızıqtırıp, awzınıń suwın qurıttı. «Pá, jer me edin!...»

Sonıń arasında Seytmurattıń Qayniyazǵa kelgen jumısı da pitti me: — Júr kettik, Aytbay! — dep dawısladı.

* * *

Balalar mekteptegi sabaq pitip, hárkim hár jaqqa — úylerine qarap ketip atır. Aytbay búgin balalar menen birge «Abatjap»tıń kópirine shekem óz awılınıń balaları menen keldi de japtıń ber jaǵında birden ushtı-kúydi joq bolıp shıqtı. Awıldıń balaları Aytbaydı izimizden jeter dep biraz kútti de, ketip qaldı.

Aytbay «Abatjap»tıń kópirinen óte sala, japtan suw ishetuǵın kisi qusap, joldıń oń tárepindegi jańa ǵana balıq kóz bolıp kiyatırǵan júweriniń arasına birden sińip ketti. Júweriniń japıraqları bir-birine tiyip tısır-lap Aytbaydıń júweriniń arasına kirgenin xabarlaǵanday boldı. Ol júweriniń arasında azǵana turdı. Jol betke qarap, balalardıń dawısı semdi me dep áste tıń-tıńladı.

Balalardıń alıslap ketkenine anıq kózi jetken Aytbay júweriniń arasınan áste shıqtı da, dógerekke qaradı. Oǵan usı waqıtta ózinen basqa heshkim kórinbedi. Aytbay «Abatjap»tıń etegindegi soqpaq penen azǵana juwırıp júrdi de qublaǵa burıldı.

Basları sókke bürilgen siyrek-siyrek ósken jantaqlardıń araları menen júrip, eki-úsh jıldan beri suw aqpay batıl bolıp qalǵan góne japtıń rashına kelip, dógerekke taǵı bir názer saldı. Ol bul jerde otırıp az-maz dem alǵısı keldi. Biraq, otırıp tıń parasatı bolmadı. Júregi sháwkildep alıp ushtı. Sheńgelliktiń arası menen júriwge tuwra keldi. Ósip turǵan tikenekli sheńgeller Aytbaydıń kiyimlerin ilip jibermey atır. Sonda da ol sheńgelliktiń arasınan buqqıshlap ótip, keshegi aǵası menen kelip kórip ketken Qaniyazdıń bozdaǵı qawın atızınıń tusınan shıqtı.

Bunıń baxtına Qaniyaz da úyinen sırtqa shıǵıp qawın atızǵa qarap tur eken. Qaniyazdı kózi shalıp qalǵan Aytbay «Ol meni kórdi me?» dep gúmanlandı ma, buqqıshlawı menen kelgen izine qayttı. Oylaw jerge kelip otırdı. Waqtı-waqtı basın áste joqarı kóterip, qawın atız betke qarap qoyadı. Sonsha azap shegip, tikenekler menen ayqasıp, ústi-basın sheńgelge jırttırıp, qawınǵa zorǵa kelgende

Qaniyazdıń qarap turǵanı nesi! Sonda da «Ózi qılǵan ókinbes» degendey, oyǵa alǵan niyetinen qaytar emes. Qaniyaz az-maz turdı da qaytıp úyine kirip ketti. «Endi Qaniyaz ketkey» dep úmit etip atırǵan Aytbayǵa bul oń tústi. Onıń júregi burınǵıǵa qaraǵanda qattı-qattı soǵıp, qolı-ayaǵı qaltırap ketti. Oǵan Qaniyaz úyinen shıǵıp adımın tezirek atıp kiyatırǵanday sezildi. Aytbay keshegi kórgen qawınıń bul ret kóre almadı. Ol qawın úy betke jaqın qarıqtıń boyında jatır edi. Qarıq boylap sol qawındı izlew oǵan qıyınǵa tústi. Qolındaǵı kitap salǵan papkası da oǵan irkinish jasap tur. Bir waqıtta túpten salǵan, qaramı at dorbaday bir qawınǵa onıń qolı tiydi. Onı áste bildirmey julıp aldı. Bir qolında kitap salǵan papkası, bir qolında qawını jer bawırlap jıljıp keyinge qarap kiyatır. Qoltıǵına jańa ǵana úzip alǵan qawındı qısıp, bir qolı menen jer bawırlap qarıqtan sırtqa shıǵıp atırǵanda qoltıǵındaǵı qawın jomalap qarıqqa tústi. Aytbay onı alıwǵa qol sermegende qolındaǵı papkanıń awzı ashılıp ketip, oqıytuǵın botanika kitabı qarıqtıń ultanında qalıp qoydı. Aytbay qawınnıń qızıǵına túsip, kitabınıń qalıp qoyǵanın sezbedi. Jerden jeti qoyan tawıp alǵanday quwanıp jantaqlardıń arasına jasırınıp, buqqıshlap kórinbey ketti. Usı waqıtta onıń ústine kiygen kiyimleri de topıraqqa bılǵanıp qalǵan edi.

* * *

Qaniyaz úyinen shıǵıp qawın atızın aralap, qarıqtıń ishi menen kiyatırǵanda shetki qarıqtıń ultanında jatırǵan bir kitaptı kórdi, onıń tóbesine muzday suw quyılǵanday boldı. «Pissin dep iz salmay

qoyǵanımda oqıwshı balalar urlap, atızdı búldirip ketken eken». Ashıwǵa mingen Qaniyaz qarıqlardı tez-tez aralap, qawınlardı birim-birim kózden ótkere basladı. Qaysı qawınnıń qaysı qarıqta ekeni oǵan bes barmaǵınday málim. Tek bir ǵana qawın joq bolıp shıqtı. Ornı qoyannıń jataǵınday, qırǵawıldıń uyasınday bolıp jatır.

Qaniyaz qawın qarıqtıń ishinde umtılıp qalıp qoyǵan kitaptı ashıp kórdi. Kitaptıń muqabasınıń ishki jaǵında irilew etip sıya menen jazılǵan jazıwdı kórdi. Kitaptı úyine ákeldi. Mektep oqıwshılarınıń qawın urlaǵanı onıń qattı ashıwın keltirdi. Bul qolaysız qubılıstı mektepke barıp muǵallimge aytqısı keldi. Bunıń aldın almasa, balalar hár kúni qawındı usınday etip «pisirer» dep oyladı ol.

Qaniyaz mektep koridorına esikten jańa kire bergeni de sol edi, aldınan qoltıǵında kitabı bar, sarı sınlı, uzın boylıdan kelgen mektep direktorı Ubaydullaev shıqtı.

— Shıraǵım direktor, seniń oqıtqan balalarıń... — dedi ashıw qısıp, haplıqqan Qaniyaz direktorǵa qarap, — ekken qawındı qoymadı ǵoy. Mınaw meniń qawınımdı urlaǵan oqıwshınıń qarıqta umtılıp qaldırǵan kitabı, — dep kitaptı Ubaydullaevqa kórsetti. Ol kitaptı ashıp kóriwden «Aytbay Seytmuratov» dep sıya menen jazılǵan jazıwdı oqıdı. Óz kitabının ishine atın, familiyasın jazıp qoyatuǵın hárbir oqıwshınıń ádeti ǵoy. Bul kitaptaǵı jazıw Qaniyazdıń qawınına kimniń urlıqqa túskenin bayanladı.

Mektep direktorı Ubaydullaev Qaniyazǵa qawınǵa kimniń urlıqqa túskenin, buǵan mektep muǵallimleri,

ata-anası tárepinen shara kóretuǵının, qaytıp endi balalardıń urlıqqa barmaytuǵının ayttı.

— Raxmet, balam, solay bolsın! — dedi de Qayniyaz úyine qayttı. Ubaydullaev sol kúnniń ertesine azanda sabaq baslanbastan burın 6-kllas basqarıwshısı, botanika páninen sabaq beriwshi Turdıbekovtı shaqırıp alıp, Aytbay Seytmuratovtıń urlıǵın ayttı hám oǵan kitaptı berdi.

Balalar mektepke jıynalıp atır. Mektep qońırawı qaǵıldı. Balalar klasqa kirdi. Tap sol kúni 6-klasta dáslepki sabaq — botanika sabaǵı edi.

...Úyge berilgen tapsırmalardı oqıp kelgenleri qolların kóterip: «men aytaman» dep otır. Muǵallim de balalarǵa názer salmaqta. Al, Aytbay burınǵıday emes, muǵallimniń betine onsha qaray almay otır. Onda búgin búr túrli uyalshaqlıq seziledi. Muǵallim basqa jaqqa qarasa, muǵallimniń betine qaraydı. Al, muǵallim Setymuratovqa qarasa, ol tómen qarap otıradı. Muǵallim sol kúni úyge berilgen tapsırmanı oqıwshısı Seytmuratovtan soradı. Ol otırǵan ornınan zorǵa turdı da: — Biziń úyge alıs jaqtan qonaq kelip, tapsırmanı tayarlay almadım, muǵallim, — dedi.

— Ras ayt!

— Ras...

— Házir botanika kitabıń ózińde bar ma? Bar bolsa maǵan kórset? Aytbay otırǵan partasınıń quwısına qolın sozdı. Taba almadı.

— Úyde umtılıp qalıptı, — dedi muǵallimge ol. Sonda muǵallim:

— Mına kitaptı tanıysań ba? — dep Aytbaydıń qolı menen jazılǵan «Aytbay Seytmuratov» degen jazıwdı kórsetti de, «sabaqtan soń sóylesermiz, házir

sabaq waqtı» — dep úy tapsırmasın basqa oqıwshıdan soradı. Seytmuratovqa «2» bahası qoyıldı.

Usı waqıtta Aytbaydıń shırayı piken almaday qızarıp dóńgelek kózinde jas payda boldı. Ózi menen birge klasta oqıytuğın joldasları Aytbaydıń bul jasırın sırına sol waqıtta túsinbese de, sabaqtan soń ótkerilgen klass jıynalısında anıq bildi. Aytbaydıń jer bawırlap, azap kórip, ústine kiygen kiyimlerin ılaslap, sheńgelge tırnalıp, qıyınlıq penen jegen qawınnıń shiresi muğallim hám birge oqıytuğın joldasları aldında betinen shıp-shıp ter bolıp shığıp turdı...

Uyattıń kúshi menen «óler bolsań ól shirkin» — dedi ol ózine ózi ókpelep.

## SHESHILGEN TARTÍS

Minayxan qolına uslağan korzinası menen qaladağı «Balalar dúnyası» dúkanına kirdi. Tabıla ğoyҫa balasına kóylek almaqshı. Qatara qıstırıwlı turğan túrli-túrli kóyleklerdi bir qatar kózden ótkerdi. Olardıń arasınan balası Asanğa bir aq jipek kóylekti unattı. Dúkanshığa aqshasın tóledi. Kóylekti qağazğa orap, tup-tuwrı úyine bağıt aldı.

Esiktiń aldında oynap júrgen balası Asan apasınıń aldına juwırıp shıqtı.

— Balam, sağan dúkannan kóylek satıp ákeldim, — dedi Minayxan qolındağı korzinkanı jerge qoyıp atırıp. Asan korzinkanıń awzın ashıp, qağazğa orawlı turğan kóylekti qolına aldı.

— Qáne, házir kiy, balam. Qanday eken. Sońınan sheship qoy. Erteń mektepke kiyip barasań, — dedi apası.

Asan ústindegi kóylektiń sádeplerin tez jazdırdı da, onı esik betke ılaqtırdı.

— Haw, sonday etiwge de bola ma? Erteń de kerek ǵoy, — dedi balasınıń parıqsızlıǵına renjigen Minayxan. Asan anasınıń bul sózin elestirmesten taza kóylegin kiyip aldı da jaydıń oń qaptalında qıstırılǵan aynanıń aldına barıp sádeplerin ildirdi. Ol jaq, bul jaǵına, óńirine qayta-qayta qarap qoyadı. Anası oǵan bul kóylek penen birge dúkannan úlken quwanısh satıp ákelgen sıyaqlı, kóylegi de ózine jarasıqlı. Kókiregi sháwkildegen Asan úyinen dalaǵa juwırıp shıqtı. Ustaxanadaǵı Omar atasına kórsetip qaytıwdı maqul kórdi. Qápelimde jol boyında oynap otırǵan Erkinge kózi túsip ketti.

— Maǵan apam dúkannan kóylek ákelip berdi, — dedi Asan.

Erkin: — Kóylegiń qutlı bolsın, meniń de senikindey taza kóylegim bar, shkafta tur, — dedi onnan qalǵısı kelmey.

— Úyindegi kóylegińniń ne keregi bar?

Dostınıń bul sózi Erkinniń janına qattı battı.

— Házir, — dedi de úyine kelip, kóylegin kiyip shıqtı. Erkinniń kóylegi de ózine shap-shaq júdá jarasar edi.

— Mınaw ma? Jipek emes eken ǵoy. Meniń kóylegime qara, — dep oǵan kórsetti.

— Meyli, ózime jarassa boldı, — dedi Erkin áste ǵana. Oyın balalar ushın ne degen qızıqlı! Asan háp zamatta atasın esinen shıǵarıp jiberdi. Ekewi de oyınǵa kirisip ketti. Esiktiń aldındaǵı baǵqa ketetuǵın salmanıń boyına juwırıp kelip ılaydan oyınshıqlar soqtı.

Bir gezde Asannıń esine temirshi usta atası tústi.

— Haw, umıtıppan ǵoy, Erkin, júr atamnıń ustaxanasına barıp qaytayıq.

Ekewi jolǵa tústi. Kiyatırıp Asan:

— Meniń kóylegime qara, shań juqpaydı, — dep joldı shańǵıtıp juwırdı. Appaq tozań onıń átirapında aylanıp, joqarı kóterildi de tútin sıyaqlı hár jaqqa tarap ketti. Sona Erkin:

— Qáne, shań tartpaǵanı? Ózińe bir qara, — dep kúldi.

— Báribir, jipek kóylek jaqsı-dá. Ol sının buzbaydı. Tozsa da sán beredi.

— Pah, jipek bolǵan menen adamdı jaqsı ete bermeydi. Kim taza júrse — sol sulıw.

Asan hám Erkin bir-biri menen tartısıp, demde ustaxanaǵa da kelip qaldı.

— Há, balalarım, keliń, keliń, — dedi temirshi usta Omar ata olardı kórip.

— Ata, mınań qara, apam jipek kóylek satıp áperdi, — dedi Asan quwanıp.

— Qutlı bolsın, balam. Júdá jaqsı. Átteń, mına jerlerine batpaq tiygizip alǵanbısań? Zıyanı joq juwsań ketedi.

— Men kóylegiń kir boladı desem de, tıńlamay batpaqta oynadı, — dedi sózge aralastı Erkin.

— Ata, sonda da meniń kóylegim Erkinniń kóyleginen jaqsı ǵoy-á? — Omar ata olardıń jańa ne ushın jolda kelispey kiyatırǵanına endi túsindi. Sonda da shınlıqtı aytqısı keldi:

— Joq, balam, — dedi ol. — Olay túsinbe. Áńgime jipekte emes, al adamnıń taza uslap kiyiwinde. Erkinge qara, kóylegi tap-taza, al sen ne?

Asan ne derin bilmey kóylegine juqqan ılaylardı qolı menen qaqqıshlay berdi. Al, Erkin onday etpedi. Tek gápti tıńlap otırdı. Usı waqıtta Omar ata aqlığınıń kewilsizlenip turǵanın sezdi. Dárhal úyine ertip ketti. Esikke kire sala diywalǵa qıstırıwlı turǵan úlken aynanıń aldına olardı qatara turǵızıp:

— Kimniń sulıw ekenin onda mına ayna ayta ǵoysın, — degennen basqa gáp aytpadı.

## TÚYIN

Rasbergen hár kúni oqıwdan qaytıp kiyatırıp, aǵasına jolıǵatuǵın edi. Jolıǵıwınıń sebebi aǵasında úydiń gilti bar. Sol giltti alıp úyin ashadı. Onıń aǵası Dáwlet qaladaǵı budkalardıń birewinde etik jamawshı bolıp isler edi. Dáwlet adamlardıń kóp ótetuǵın jerine jaqınlaw jerde budkada otıradı.

Al, Rasbergenniń apası Arıwxan kiyim tigiw fabrikasında tigiwshi bolıp xızmet etedi.

Rasbergen oqıwdan qaytıp kiyatırıp búgin de aǵasınan úydiń giltin alayın dep barǵanda, aǵası sirisi jelingen bir tuflidı tigip atır eken. Qasındaǵı gúrside buwday reń, arıq deneli bir jigit otır. Ol sol tuflidiń iyesi bolsa kerek. Rasbergen ádettegishe aǵasınan giltti aldı da onıń siri tikkenine qızıǵıp qarap turdı.

Dáwlet qolındaǵı tuflidıń sirisin sabaq penen tez-tez tigip boldı da kóp tutılıp jińishkergen pıshaǵınıń ushı menen tigis sabaǵınıń ushın girt ettirip kesti. Tigistiń ústin kishkene shókkish penen úsh-tórt márte urdı da tuflidı iyesiniń qolına usındı.

— Haw, aǵa, sabaqtıń ushın túymediń ǵoy, — dedi budkanıń taxtayına súyenip turǵan Rasbergen.

— Ol seniń jumısıń emes. Meniń ne islegenim menen seniń ne jumısıń bar?! Endi maǵan aqıl úyretetuǵın boldıń ba? — dep Dáwlet balasına kózin alartıp bejireyip qaradı, qolındaǵı shókkishi menen qasında jatırǵan taxtaydı urıp turıp. Onıń jatıq murtı hárriyip, úlken kózi uyasınan shıǵıp ketti.

Tufli iyesiniń: — Má, xızmet haqıń, — degen sózi Dáwlettiń Rasbergenge tikken ashıwın ózine qarattı. Sonıń arasında Rasbergen artına burılıp ta qaramastan úyine qarap juwırıp ketti.

Rasbergen úyine kelip, kúndegidey apası tayarlap qoyǵan awqattı jep bolǵannan soń, shelek penen suw ákeldi. Otın tayarladı.

Tawıqlarına suw quyıp, aldılarına dán saldı. Aǵasınıń jekirip baqırǵanı onıń yadınan shıqpay janına tikendey battı da turdı. Ol aǵasınıń bunday etip qattı qáhárli baqırǵanın kórmegen edi.

Rasbergen úyinen onsha qashıq emes jerdegi kiyim tigiw fabrikasındaǵı xızmet etip atırǵan apasına barıp, oǵan aǵasınıń qattı baqırǵanın ayttı.

— Onday bolsa, seniki jón balam, «aqıl jastan shıǵadı» degen. Aǵań: «Adamlar maǵan syirek keledi, bir tiktirgen adam ekinshi ret kelmeydi, sońǵı waqıtları etik, tuflilarıń maylatıwshılar da az keletuǵın boldı. Basqa etik jamawshılarǵa kóbirek etiklerin tiktirip, maylatadı, jamawların jamatadı degeninshe bar eken ǵoy. Aqılıńnan aylanayın, — dep Arıwxan Rasbergenniń almaday betinen analıq miyrim menen shorp ettirip súydi.

Kesh boldı. Dáwlet búgin úyge qáhárli pishim menen kirdi. Shaması, bağanağı ashıw ele tarqamağan. Qabağı mushtay, murtı tebendey shanshılıp tur.

— Mına bala meniń abırayımdı tókti. Paydasın bilmeytuğın bunday da nadan boladı eken! — dep kiylikti Dáwlet túrgelip turıp Arıwxanğa.

— Meniń aytqanımnıń bolğanı tigis sabağınıń ushın nege túymediń dedim ğoy, ağa, — dedi Rasbergen múláyimsigen túr menen.

— Sabaqtıń ushın túyiwdi men de bilemen. Sabaqtıń ushın túymeseń ol úsh-tórt kúnnen soń sótilip ketedi. Ol tuflidıń iyesi tiktiriwge mağan tağı aylanıp keledi... Bunı nege bilmeyseń? — dep áste ğana sóyledi (basqa birew sırtta esitip qoyama degendey qáwipsinip).

— Sumlığıń basıńa jeter, usınday payda bola ma, adamlardıń sağan siyrek tiktiretuğını da sol eken ğoy. Kisini aldap ne pada tabasań?! Tuflidıń iyesi erteńine sağan kelip: — «Tikkeniń bir kún bolmay sótilip ketti, sen shala etikshi ekenseń, ońlap tik» dese shar bazarda neshe pullıq kisi bolasań? — dep Arıwxan Dáwlettiń sózin qaytarıp tasladı. Sózi suwğa ılaqtırğan kesektey ezilip, páti dizeden qaytqan Dáwlet:

— Sende balanıń sózin jóple, — dep, tórdegi tóselgen quraq kórpesheniń ústine barıp jambasladı.

Aradan tórt kún ótkennen soń bayağı tuflidıń iyesi Dáwlettiń qasına kelgende, Dáwlettiń kózi uyasınan shığıp, janı qalmadı. «Neshe pullıq kisi bolasań?» degen Arıwxannıń sózi esine sap ete qaldı. Ol «Tikkeniń sótilip ketti. Nege búytip tigeseń?!

Nege sabaqtıń ushın túymediń?» — dep ayta ma dep qáwiplendi.

Ol kisi bul ret Dáwletke hesh nárse demesten oǵan jaqınlaw qatarda otırǵan basqa etik jamawshıǵa keldi de, tuflin tigisten sótilgen jerin qayta tiktire basladı.

Ol kisi ketkenshe Dáwlet demin áste aldı. Tufli jamatıwshıǵa kóp qaray bermedi. Ol keshte úyine kele sala:

— Rasbergen, sabaqtıń ushın túyse tigistiń bekkem bolatuǵının kimnen úyrendiń? — dep soradı.

— Men bunı mekteptegi qol óneri sabaǵında muǵallimnen úyrendim, — dep juwap berdi.

## MENIŃ SARÍ PÍSHÍǴÍM

Biziń úy awılda jaylasqan. Úydiń aldında kishilew jap bar. Onıń eki boyı qalıń túyesińir. Ótken jılı jazda túyesińirge jarmasıp ósken páshek penen sútlimek taramlanıp jiptey esilip qalǵan. Kún batqannan soń onıń araları qarawıtıp turadı. Báhár bolıwdan salmadan ǵawasha atızlarına qaray tınbay suw aǵadı.

Báhár kúnleri edi. Kún jelemiklew. Birotala jılıtıp kete qoyǵan joq. Usı kúnlerdiń birinde úydegi sarı pıshıǵımnıń japtıń boyındaǵı túyesińirdiń astındaǵı búkten suwırılıp shıǵıp kiyatırǵanın kórdim. Pıshıq úyge kelip, adamlarǵa súykenip miyawlay basladı. Apam oǵan dasturxannan azǵana nan sındırıp berdi.

Pıshıq aldına salǵan nandı jep bolıp, ásten úyden shıqtı. Ol jańaǵı búkke qaray baǵdar aldı. Men onıń izinen qarap turdım. Pıshıq búkke barıp, kózden tasa boldı. Men de onıń izinen bardım. Qarasam pıshıq búktiń astında jatır. Ol jer oǵan júdá payızlı

eken: qalıń shóplik, astı kiyizdey ajırıq. Onıń bawırında eki balası bar. Júdá kishkene, áljuwaz. Olar anasınıń emshegin tamsanıp-tamsanıp emip atır. Balaları ele kózin asha qoyǵan joq. Men onı birden kórip quwanıp kettim.

Pıshıq meni kóriwden qulaqları tikireyip, tum-tusqa jaltaq-jaltaq qaray berdi. Kózi jep baratır. Ol mennen tuwǵan balaların qızǵanıp tur. Qasına jaqınlap edim, aybat shegip, «mır-rır», — dedi. Men pıshıqtı jaqsı kóretuǵın edim. Onı bala waǵınan erkeletip oynattım. Pıshıq bazı waqıtları aldımda pırıldap uyqılap qalatuǵın edi. Úyde qanday awqat pisirilse de apama «pıshıqtıń payın umıtpa», dep aytaman.

Usılardıń bári meniń kóz aldıma eleslep ketkendey boldı. Házir meniń aldımda burınǵı bala pıshıq emes, minez-qulqı ózgergen ana pıshıq turdı. Men izime qayttım. Bul xabardı úydegi aǵama ayttım. Sonda aǵam maǵan bılay dedi:

— Pıshıǵıń tuwǵan bolsa, oǵan úydiń ishinen esik betten qattı qaǵazdan kishkene uya soq. Soǵan balaların hám ózin ákelip jatqız. Pıshıǵıńdı awqatqa jaqslap toydır. Birewler balaların ayaǵı menen basıp ketpesin. Waqtı-waqtı qarap tur. Bul onıń dáslepki tuwǵan balası.

Men sol kúnnen baslap aǵamnıń tapsırmasın orınlawǵa kiristim: Úy haywanlarına da ǵamxorlıq kerek ǵoy. Qattı qaǵazdan esik betten uya soqtım. Onıń ultanına jatqanda jumsaq bolsın dep saban tósedim. Soqqan uyam ózime sulıw boldı. Sebebi, men mektepte «Sheber qollar» dógeregine aǵza bolıp qatnaytuǵın edim. Dógerekte muǵallimnen úyrengen ónerim aldımnan shıqtı.

Endi pıshıqtı hám onıń balaların búktiń astınan úyge ákeldim. Balaların qolım menen alıp atırǵanımda anası balaların menen taǵı da qızǵanıp mırıldadı. Sonda da onı dúzge taslap ketiwge bolmaydı. Soqqan uyama hámmesin ákelip jatqardım.

Men jumıslar menen úyden shıǵıp ketip, aylanıp kelsem, olar uyada joq bolıp shıqtı. Pıshıq balalarınıń jelkesinen áste tislep burınǵı ornına tasıptı. Men taǵı da olardıń izinen barıp balaların úydegi qoldan soqqan uyama ákeldim. Bul ret pıshıq maǵan burınǵıday aybat etpedi. Biraq, men joqta úyden balaların taǵı da áketipti. Usılay ákeliw-áketiw úsh ret qaytalandı. Men endi pıshıq penen óshegiskendi qoydım. Ol balaların bizlerden qızǵanǵan shıǵar dep oyladım.

Pıshıq úyden awqat iship ketip júrdi. Bazıbir waqıtları shópliktiń arasında qulaǵı tikireyip bir nárseni ańlıp otıradı. Bul onıń tıshqan ańlıǵan payıtları bolsa kerek. Anıǵın aytsam ol úydegi tıshqan tuqımın qurttı. Endi ol meniń menen burınǵıday oynamaytuǵın boldı.

Aradan úsh-tórt kún ótti. Bir kúni pıshıq úyge shapqılap keldi de men soǵıp qoyǵan uyaǵa kirdi. Uyanıń ishin-sırtın iyiskeledi. Sóytti de úy ishinde órden-ıqqa shapqıladı. Meniń qasıma kelip ayanıshlı túr menen miyawladı. Men oǵan ash bolǵan shıǵar dep bastırıwlı turǵan dasturxannan nan alıp saldım. Onıń aldına salǵan nan menen isi bolmadı. Taǵı da súykelip miyawlay basladı. Úydiń ishindegi adamlardıń hámmesine súykenip búr túrli dawıs penen qattraq miyawlawın dawam etti. Men onıń

Ol bunnan on bes jıl burın edi. Bir kúni Bazarbay ekewimiz oqıwdan qaytıp kiyatır edik. Arqadan esken suwıq samal betimizdi jalap, ózine erkin qaratar emes. Túp degen túpirik jerge túsemen degenshe muz bolıp qatadı. Tońıp qalatuǵınımızdı bilip jılınajaq oy menen atızdıń shetindegi qalın urıqlıqqa ot jaqqanbız. Bizler ádep ottı oshaqtıń ornınday jerge janadı dep oylap qalǵan edik. Biraq, ot órshelenip qaytama pátlenip janadı. Ajırıq penen qalın urıqlıq birine-biri tiyip, lampamayday alıstı da ketti. Bizler ne qılarımızdı bilmey albırap qaldıq.

Urıqtıń sheti atız jaǵalap, jaqın jerdegi gúdilengen salıǵa barıp tiyetuǵın boldı. Ekewimizdi eń qıynaǵan jeri usı edi. Ári-beri ottı óshiriwge kiristik. Qolımızda kitap, dápterimizden basqa hesh nárse joq. Ot kem-kemnen kóbeyip, ottan ot tuwıp atır.

Qorıqtı ma, bolmasa albıradı ma, Bazarbay bul ottı óshire almaymız degen keyipke berilip, úy betke qaray qashatuǵın boldı, júz metrdey jerge bardı da artına aylanıp maǵan qarap turdı. Mektepte birge oqıytuǵın joldasın jolda qaldırmayın degen adamgershiligi onı taǵı da meniń qasıma juwırtıp ákeldi. Bar kúshimiz, namıs-arımız, jeterli jigerimiz benen urınıp, ottı óshirip atırmız. Qolımızdaǵı papkamız benen de, ayaǵımız benen de ottı óshiriwge háreket etip atırmız. Qızıw pát penen bilmegen ekenbiz. Etigimizdiń ultanı menen baslıǵı táwir-aq otqa kúyip jıyrılıp qalıptı. Etik kúyse kúysin, qırmızı salı otqa kúymesin degen úmit bizlerdiń jaslıq júregimizge bekkem uyalaǵan edi.

Burın tońıp kiyatırsaq, endi qara terge túsippiz. Háreketimiz, ıqlasımız bosqa ketpedi. Fermanıń

adamldarı bul awhaldı kórip, hámmesi keldi. Zorǵa degende kóplep-kómeklep ottı óshirip aldıq. Kitap salǵan papkalarımız benen bet-awzımızdıń hámmesi qap-qara kúye bolıp qalıptı. Etiklerimiz ayaqlarımızdı qosıp, úyge baraman degenshe azap berdi. Ekewimiz de zorǵa degende úylerimizge jettik.

Ata-babalarımızdıń «Ot penen oynama» degen danalıq sózi raz eken. Sol-sol eken, bizler bul jolda ot jaǵatuǵın ádetimizdi qaytalaǵanımız joq — dep gúrrińdi tawısqanımızda, balalardıń birewi ortada janıp, kúlge aylanıp baratırǵan shoqtıń ústine japtıń rashınan topıraq ákelip saldı. Sóytip, olar ottı óshirip tasladı.

Balalar menen bizler de awılǵa qaray kettik.

## RAXMET

Áyeke aǵa biraz jıllardan berli Nókisten motor remontlaw zavodınıń stanogin ushırıqtay aylandırıp, temirdi aǵashtay jonıp júrgen. Ol búgin jumıstıń qızıǵına berilip, ádettegiden keshlew qayttı. Úyine jaqınlay bergende:

— Wax, umıtqanıma qara! — dewi menen jambasına qolın bir urdı. Tap usı waqıtta jip taǵılǵan oyınshıq avtomashinasın dızıldatıp aydawı menen tórt jasar aqlıǵı Kewlimjay aldınan juwırıp shıǵıp:

— Ata, maǵan moejnıy ákeldiń be? — dep soradı.

Qápelimde «úlken qısınıspaǵa» qalǵan atası birden ne derin bilmey qaldı da aqlıǵına baǵanaǵı bergen wádesin orınlamaqshı bolıp: házir ekewimiz qalaǵa baramız, saǵan toyǵanıńsha alıp beremen, bola ma, balam, — dedi. Kewlimjay buǵan heshqanday qabaǵın

shıtpastan quwanıwı menen jerde sekirip-sekirip oynadı. Áyeke ağa aqlığın bawırına basıp qushaqlawı menen bazar jaydağı muzqaymaq satatuğın larekke qaray júrdi.

Quyash ta mıstay qaynap ketti. Adamlar trotuar boylap tereklerdiń kóleńkesi menen ketip baratırsa, al birazları sayalap tur. Áyeke ağadan ter qalay bolsa solay ağıp baratır. Ústine kiygen kóylegi de ter menen sığıp alğanday boldı. Muzqaymaq satatuğın larektiń aldı úyme-júyme bolıp, balalarğa tolıp ketken. Aralarında eresekleri de bar. Áyeke ağa izgi betindegi náwbet kútip turğan balanıń qasına kelip, óz gezegin belgiledi. Ol mańlayınan aqqan terin sıpırmaqshı bolıp, qaltasınan qol sharshısın alıp atırğanda, onıń izinen ústine aq kóylek kiygen, jası da on bir-on ekilerdiń shamasında, jumalaq júzliden kelgen, sarı sınlı bir bala turdı. Ol da larekten muzqaymaq satıp alıp jewge kelgen edi.

— Ata, mınaw seniń aqshań, túsip qaldı alıń! — dep qolı menen túrtken balanıń dawısına Áyeke ağa burılıp jalt qaradı. Jańağı izinde náwbet kútip turğan bala oğan bes manattı usınıp tur.

— Ata, asığıslıq penen qol sharshıńızdı ala bergende qaltańızdan aqshańız jerge tústi. Siz onı abaylamay qaldıńız.

Áyeke ağa quwanıp ketti, — Balam, kóp jasa, baxıtlı bol! Jası úlken atańa etken bunday ğamxorlığıń ushın sağan raxmet! Birewge jaqsılıq etseń, sol keleshekte aldıńnan shığadı, — dedi.

## MAZMUNÍ

### QOSÍQLAR

Ǵárezsizlik gúlimiz ............................................ 3
Tárbiyashı apamız ............................................ 3
Sawat ashtıq baqshada ............................................ 4
Saǵınaman ............................................ 4
Shofyorman ............................................ 4
Gúl ósirdik baqshada ............................................ 5
Men ózim ............................................ 5
Átkónshek ............................................ 6
Jaqsı ádet ............................................ 6
Atam jaqsı ............................................ 7
Baqsha tolı qızıqqa ............................................ 7
Balasınday bir úydiń ............................................ 8
Turnikte ............................................ 8
Oyınshıqlar tabılar ............................................ 8
Baqsha ishi tap-taza ............................................ 9
Tayınshaq ............................................ 10
Taqmaq aytaman ............................................ 10
Súwret ............................................ 11
Jaqsı ............................................ 11
Jaqsı adam ............................................ 12
Jańǵa jaǵar hár sózi ............................................ 12
Quwırshaǵım, xosh bolıń! ............................................ 13
Jańa jıl ............................................ 13
Kitabım ............................................ 13
Aq qoyan ............................................ 14
Alǵıs ............................................ 14

Analar ushın besik jırı ........ 14
Bilim ........ 15
1. Balalar palatasınan xat ........ 17
2. Jiydelikten xat ........ 18
Kiyiklerdi atpa, ańshı! ........ 20
Tábiyat — bul ata-anań ........ 21
Sport — meniń joldasım ........ 23
Ózbekistan — jánnet mákan ........ 24
Ǵárezsislik ǵumshaları ........ 25
Armiya ........ 26
Jas ásker qosıǵı ........ 27
Tınıshlıq jasasın! ........ 28
Shegara áskeriniń xatı ........ 29
Shegarada ájaǵam ........ 30
Biziń raketashılar ........ 30
Tankistler ........ 31
Altın Nızamım ........ 32
Qaraqalpaqstan Bayraǵı ........ 33
Biziń Gerb ........ 34
Qızıqtıń bári lagerde ........ 36
Eslew ........ 37
EL PERZENTI (Poema) ........ 39
*Aǵıtay balalıq hám jaslıq shaǵında* ........ 39
*Anası Toydı haqqında aytqanı* ........ 42
*Ana násiyatı* ........ 43
*Aǵıtay — «Taxtakópir» xojalıǵınıń baslıǵı* ........ 44
*Egiste* ........ 46
*Terimde* ........ 49
*Basında hár túrli is bar* ........ 50
*Awılda* ........ 51
*Sawaplı is* ........ 53
*Mektepke qáwenderlik* ........ 54
*Bántbasar* ........ 55
Jas usta (Poema) ........ 56

## GÚRRIŃLER

Qasqırdıń bóltirigi .......... 77
Málim pıshıq .......... 78
Jılan hám hákke .......... 82
Porsıq .......... 83
Ópepek .......... 86
Gúmgúm hám jılan .......... 88
Qurqıltaydıń uyası .......... 89
Tasbaqanı satıp aldım .......... 91
Kiyikler .......... 93
Qaraqulaq .......... 94
Dáwseben .......... 97
Kepter ájel tırnağınan qalay qutıldı? .......... 99
Qutqarıw .......... 101
Dońız toraylarin suwdan qalay ótkerdi? .......... 104
Qawınnıń shiresi .......... 105
Sheshilgen tartıs .......... 111
Túyin .......... 114
Meniń sarı pıshığım .......... 117
Bayağı etik emes .......... 120
Raxmet .......... 123



ISBN 978-9943-5054-1-4

«QARAQALPAQSTAN»